

BAB IV
ANALISIS STRUKTUR
DINA DONGÉNG BABAD CIREBON

4.1. Sejarah singkat Kesultanan Cirebon

Sajarah asal muasalna Kasultanan Cirebon aya kaitanana jeung sajarahna para Walisongo salaku penyebar agama Islam di Pulau Jawa hususna, umumna di Indonesia. Cikal bakal Kota Cirebon diwangun dina raraga nguatkeun pangaruh ajaran Islam di Nusantara.

Ngadegna Kasultanan Cirebon mawa pangaruh anu gede dina kamekaran Islam. Tokoh Sunan Gunung Jati anu jadi puseur sajarah ieu geus napak utamana sipat kateladanan nu bakal diinget sapanjang jaman.

4.2 Data

Saeutikna aya 17 judul carios dina sajarah ngadugna Kasultanan Cirebon, nyaéta tingali ieu tabel di handap.

Tabel 1
Judul dongéng anu aya di sabudeureun kota Cirebon

No	Judul Dongéng	Kode Dongéng
1.	“Syékh Subakir”	SS
2.	“Karajaan Banjaransari”	KB
3.	“Cikal Bakal Kota Cirebon”	CBKC
4.	“Silsilah Sunan Gunung Jati”	SSGJ

5.	“Mengemban Tugas Yang Semakin Besar”	MTYSB
6.	“Wafatnya Prabu Siliwangi”	WPS
7.	“Pangéran Cakrabuana”	PC
8.	“Lahirnya Kesultanan Demak”	LKD
9.	“Jatuhnya Raja Galuh”	JRG
10.	“Bergabungnya Talaga dan Majalengka”	BTDM
11.	“Indramayu bergabung dengan Cirebon”	IBDC
12.	“Taman Air Sunyaragi”	TAS
13.	“Makam Jabang Bayi”	MJB
14.	“Sumur Jalatunda Tegangpati dan Kaprabonan”	SJTDK
15.	“Maulid Nabi dan Acara Panjang Jimat”	MNDAPJ
16.	“Asal Usul”	AU
17.	“Perjuangan Sunan Gunung Jati”	PSGJ

4.3. Deskripsi Dongéng Kesultanan Cirebon

4.3.1 Dongéng “Syékh Subakir”

4.3.1.1 Téks

Nyaéta dongéng anu nyaritakeun pendéta ti Keling, Bizantium (Kerajaan Romawi Timur) sarébu kota ti Konstantinopel atawa Istanbul, nalika mingpin, warga ti Keling sangkan netep di sabudeureun Pulau Jawa, tepatna di Jawa Barat. Jumlahna kira-kira aya dua rebu kulawarga. Rombongan téh nepi ka Teluk Jakarta jeung Pulo Gadung. Saacan manggihan tempat anu stratégis pikeun di

tempatan, Syékh Subakir salaku pendéta mikir. Nututkeun anjeunna teu sagampang éta dumuduk di daérah anu can dipikawanoh.

“Ceuk urang mah ulah saukur nempatan daérah ieu waé, tapi urang kudu mencar ambéh engké bisa badami, jeung urang bakal nyaho kumaha kaayaan di pulo ieu nu saeunana. Sabagéan nempatan sapanjang walungan Cisadané jeung Citarum, Sabagianna deui nempatan Pasambangan Caruban, Muara Jati, jeung Jatimerta. Pokona anjeun kudu nempatan daérah anu can aya wargana, sabab urang mangrupa pendatang. Jeung hiji hal nu kudu dicepeng “ulah nepi ka urang nyieun masalah di tempat nu ku urang dicicingan”. Lamun batur nyieun masalah, rengsekeun sacara musawarah. Biasana masalah téh datangna ti urang sorangan. Tapi lamun bener maranéh boga masalah anu hese tur teu bisa dibéréskeun, burukeun datang ka Kaula,” Ceuk Syékh Subakir ka anak buahna.

Dina waktu nu teu lila Jawa Barat geus pinuh ku warga anu asalna ti Keling pimpinan Syékh Subakir. Di tempat-tempat anu anyar éta, warga ti Keling miboga turunan nepi ka anyeuna. Saterusna kararawin di antara maranéhna, nambahan rame kahirupan di waktu harita. Nepi ka ngahasilkeun seni jeung budaya anu tumuwuh tina pola kahirupan masarakatna.

Lila –kalilaan kahirupan maranéhna tambah maju, jeung waktu terus lumangsung nepi ka daérah sabudeureun walungan Cisadane aya hiji Karajaan anu dibéré ngaran Tarumanagara. Ieu karajaan téh dipercaya Karajaan Tarumanagara anu aya di Bogor ayeuna, anu ceuk silsilah mah mangrupa Karajaan pangkolotna di Jawa Barat. Raja nu munggaran nyepeng kakuasaan téh nyaéta Purnawarman.

4.3.1.2 Analisis Struktur

4.3.1.2.1 Téma

Téma anu diangkat dina dongéng ieu nyaéta ngajaga paripolah jeung tata krama dina kahirupan masarakat.

4.3.1.2.2 Galur

Runtuyan kajadianana nyaéta sakumaha anu dipedar ieu di handap.

- 1) Mantan pendéta ti Keling mimpin langsung pidahna warga ti Keling sangkan netep di Jawa Barat;
- 2) Rombongan mimiti datang ka Teluk Jakarta jeung Pulo Gadung;
- 3) Sabagean nempatan sapanjang walungan Cisadane jeung Citarum, sabagean deui di Pasambangan Caruban, Muara Jati jeung Jatimerta;
- 4) Warga ti Keling miboga turunan;
- 5) Masing – masing pada kararawin;
- 6) Kahirupan maranéhna tambah maju;
- 7) Muncul Karajaan Tarumanagara, anu dipingpin ku raja mimitina nyaéta Purnawarman.

4.3.1.2.3 Palaku

Nu jadi palaku dina ieu dongéng nyaéta Syékh Subakir, anak buah Syékh Subakir, jeung masarakat sabudewureunana.

Syékh Subakir ngabogaan sipat bijaksana, jeung tanggung jawab ka anak buahna, ieu téh kagambarkeun nyaéta nalika Syékh Subakir mere piwuruk ka anak

buahna sangkan salawasna ngajaga paripolah jeung ngajauhan sagala rupa masalah.

Anak buah Syékh Subakir digambarkeun salawasna taat jeung patuh ka pimpinanna. Hal ieu kagambar dina paripolah anak buah Syékh Subakir anu bisa campur gaul jeung kahirupan warga sabudeureunana.

4.3.1.2.4 Latar

a. Latar Tempat

Latar tempat dina dongéng ieu nyaéta daérah Jawa Barat, Teluk Jakarta, Pulo Gadung, Walungan Cisadane, Walungan Citarum, Pasambangan Caruban, Muara Jati, Jatimerta. Kagambarkeun dina ieu catétan di handap:

“... warga ti Keling sangkan netep di sabudeureun Pulau Jawa, tepatna di Jawa Barat. (baris ka-2)

“...Di Teluk Jakarta jeung Pulo Gadung.”(baris ka-4)”

“...Sapapanjang Walungan Cisadané jeung Citarum.” (paragraph ka-2, baris ka-3)

“...Sabagéan deui di Pasambangan Caruban, MuaraJati, jeung Jati Merta.” (paragraph ka-2, baris ka-3).

b. Latar Waktu

Latar waktu dina dongéng ieu nyaéta nalika Karajaan Romawi jeung nalika pamarentahan Raja Purnawarman. Digambarkeun dina cutatan ieu di handap.

“ ...Pendéta ti Keling, Bizantium (Karajaan Romawi Timur).” (baris ka-1);

“Raja anu kahijina Purnawarman.”(paragraph ka-4, baris ka-4).

4.3.1.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Carita Syéh Subakir eusina méré papatah ka kulawargana sangkan hirup rukun. Kudu bisa hirup silih élédan, kudu silih pikanyaah silih hargaan. Ngagedékeun hirup ku musawarah nalika loba masalah. Lian ti éta, nalika aya di lembur batur kudu bisa ngahargaan tempat nu ku urang dicicingan.

4.3.2 Dongéng “Kerajaan Banjaransari”

4.3.2.1 Téks

Kurang leuwih abad ka-7 di Ciamis, Banjar tepatna di daérah Rawa Lakbok ngadeg hiji Karajaan nu ngaranna Banjaransari. Patilasanna nepi anyeuna masih kénéh aya jeung sering didatangan. Patilasan éta disebut Pameradan Ciung Wanara. Raja Banjaransari nu kahiji ngarana Adimulya, katelah Pangéran Lelean Anom. Salila mimpin Pamarentahan, Raja Adimulya miboga sipat adil jeung bijaksana. Rayat hirup damai jeung tentrem, teu kakurangan sandang atawa pangan. Ku sabab marentahana kalayan bijaksana, Karajaan Banjaransari nepi ka bisa ngahontal masa kajayaan. Harita rayat Banjaransari nganut agama Sanghyang atawa disebut kapercayaan Hindu-Budha.

Sarengsena Raja Adimulya maot, putra nu panggedena Ciung Wanara naek tahta ngagantikeun bapana. Salila pamarentahana, Karajaan Banjaransari teu

loba ngalaman parobahan, jeung nu panglobana dicaritakeun nyaéta ngeunaan Prabu Ciung Wanara, nyaéta hayam jagona nu tara eleh lamun ditarungkeun di pakalangan.

Sarengsena Prabu Ciung Wanara maot, korsi karajaan dibikeun ka anak panggedéna nu namina Ratu Purbasari. Sanaos Purbasari mangrupa wanoja, tapi pikiranna teu kahéngkér ku statusna. Manéhna saéstuna ngemutkeun kumaha carana pikeun majukeun karaharjaan masarakat, ogé kamamuran bangsaana. Salah sahiji kabijakanana anu pangpentingna nyaéta ngalihkeun puseur kota karajaan ka wilayah sakitar Bogor. Ti dinya ngarana robah jadi Pakuan, nu katelah Pakuan Pajajaran.

Karajaan Pajajaran ngalaman parobahan anu kalintang gedéna nalika dipimpin ku Rajana nu dipiwanoh Prabu Siliwangi. Teu lila sanggeus jadi raja, agama Islam ogé asup ka pulau Jawa, dibawa ku para pedagang ti Gujarat. Lila-kalilaan pangaruh Islam jadi kuat anu antukna dianut ku masarakat sabudeureunana.

Dina hiji poé, Prabu Siliwangi ngayakeun pamariksaan ka wilayah kakuasaanna di daérah Karawang. Harita Karawang geus ngadeg hiji pasantrén Islam nu dipimpin ku Syékh Kuro. Di pasantrén aya hiji murid geulis ngarana Rara Subanglarang, ningali kageulisanana Prabu Siliwangi langsung kapincut tuluy boga maksud ngajanteunkeun istri. Satuluyna Subanglarang ngedalkeun sarat nu dipikahayangna. “Kahiji urang kudu nikah sacara Islam, kadua, abdi menta maskawin tasbé ti Mekah. Satuluyna turunan urang kudu agama Islam.” Saenggeus amit mundur, Prabu Siliwangi tatapa nyungkeun piwuruk ti Sanghyang

Tunggal. Kadenge aya sora tanpa wujud, nu ngaharewos yén éta tasbé ayana di Kota suci Mekah. Satuluyna bentuk tasbé éta ditingalikeun wujudna. Kalayan maké élmuna, dina waktu singget Prabu Siliwangi geus nepi di kota Mekah. Di Mekah Prabu Siliwangi papanggih jeung sobatna. Saenggeus apal ka nu jadi tujuan datangna Raja Pajajaran, sobatna tuluy nyarita bari nunjukkeun tasbé nu dicepeng. “Lamun anjeun bener-bener mikahayang tasbe ieu, Heug! Ucapkeun dua kalimah syahadat, ku kuring bakal dibikeun ieu tasbe.” Saarengsena ngucapkeun dua kalimah syahadat, tasbe nu dicepeng ku sobatna dibikeun ka Prabu Siliwangi. Ngan sajorelat sobatna téh leungit tina titingalian Prabu Siliwangi. Teu kungsi lila Prabu Siliwangi sadar, lamun élmu Islam leuwih luhur dibandingkeun jeung élmuna.

Teu lila ti dinya, Prabu Siliwangi jeung Rara Subanglarang nikah, Syékh Kuro salaku walina. Tina hasil kawinna dipaparin tilu putra, nyaéta Pangéran Walangsungang Cakrabuana, Ratu Mas Rara Santang, jeung Pangéran Raja Sengara atawa leuwih kasohor Kian Santang.

Katurunan Raja Pajajaran ieu ahirna anu gaduh peran ageung dina ngadegna Nagara Islam Caruban atawa Cirebon, nu ngadegkeun Karajaan Islam nu kahiji di pulau Jawa, jeung Demak jadi Karajaan kaduana.

4.3.2.2 Analisis Struktur

4.3.2.2.1 Téma

Téma dina ieu dongéng nyaéta kakuatan Gusti Allah pernahna agama Islam salaku agama paling sampurna tibatan agama nu aya di dunya sakumaha

ditétélakeun dina surat Al-Imran ayat 3. Ieu kagambar dina carita nalika Prabu Siliwangi papanggih jeung sobatna di Mekah. Nepi ka Prabu Siliwangi antukna pindah agama.

4.3.2.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur merélé. Runtuyanana kapedar ieu di handap.

- 1) Raja Adimulya mangrupa raja kahiji ti Karajaan Banjaran;
- 2) Saenggeus maot digantikeun ku putra cikalna nyaéta Ciung Wanara;
- 3) Saenggeus Prabu Ciung Wanara maot, diganti ku putri panggedena, Ratu Purbasari;
- 4) Karajaan Pajajaran ngalaman kamajuan dina kapamimpinan Prabu Siliwangi;
- 5) Prabu Siliwangi kapincut ku kageulisan Ratu Subanglarang;
- 6) Ratu Subanglarang ngedalkeun sarat maskawin ka Prabu Siliwangi mangrupa tasbe ti Mekah ;
- 7) Prabu Siliwangi indit ka Mekah;
- 8) Prabu Siliwangi papanggih jeung sobatna;
- 9) Prabu Siliwangi kening tasbe saatosna ngucapkeun dua kalimah syahadat;
- 10) Prabu Siliwangi kawin jeung Rara Subanglarang;
- 11) Tina hasil kawinna, dipaparin tilu urang putra nyaéta Prabu Cakrabuana, Ratu Mas Rara Santang, jeung Prabu Kian Santang.

4.3.2.2.3 Palaku

Nu jadi palaku utama dina ieu dongéng nyaéta Prabu Siliwangi, Rara Subanglarang, jeung Syékh Kuro.

- 1) Prabu Siliwangi miboga watek wani jeung sakti. Hal ieu kagambar nalika Prabu Siliwangi rék nyumponan pamundut Rara Subanglarang, nalika indit ka Mekah. Kagambarkeun dina cutatan di handap.

“Ngetrukeun sakabéh élmuna, dina waktu nu singget Prabu Siliwangi geus nepi ka kota suci Mekah.” (paragraph ka-5, baris ka-5).”

- 2) Rara Subanglarang sipat ramah tamah jeung solehah. Ieu téh kagambar dina obrolan Rara Subanglarang nalika nyarita jeung Prabu Siliwangi. Kapanggih tina cutatan ieu di handap.

“Kahiji urang kudu nikah sacara Islam, kadua, abdi menta maskawin tasbe ti Mekah. Satuluyna turunan urang kudu agama Islam.”

- 3) Syékh Kuro miboga sipat welas asih jeung bijaksana

4.3.2.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempat dina ieu dongéng nyaéta di Ciamis, Banjar jeung tatar Pajajaran. Hal ieu katitén tian cutatan di handap.

“...Abad ka-7 di Ciamis, Banjar.” (baris ka-1)

“...anu pangpentingna nyaéta ngalihkeun puseur kota karajaan ka wilayah sakitar Bogor. Ti dinya ngarana robah jadi Pakuan, nu katelah Pakuan Pajajaran.”

b. Latar waktu

Latar waktu dina ieu dongéng nyaéta waktu abad ka-7. Kagambarkeun dina cutatan ieu di handap.

“ Kurang leuwih abad ka-7 di Ciamis.” (baris ka-1)

4.3.2.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah anu nyangkaruk dina carita Karajaan Banjarsari, nyaéta papatah kabudayaan anu patali jeung religi. Dina eusi carita éta ditétélakeun kapengkuhan Nyi Rara Subanglarang dina nyepeng agamana nyaéta Islam. Nyi Rara Subanglarang mere sarat nalika anjeunna rék dipigarwa ku Prabu Siliwangi. Ku sabab, nyaah jeung éta agama téh bias kaharti ku akal Prabu Siliwangi pindah kayakinan jadi muslim kalayan maca dua kalimah syahadat.

4.3.3 Dongéng “Cikal Bakal Kota Cirebon”

4.3.3.1 Téks

Nalika nincak umur déwasa, Pangéran Cakrabuana jeung istrinya Indyhang Ayu sarta Ratu Mas Rarasantang, guguru agama Islam ka Syékh Nurul Jati di Gunung Jati Pasambangan Caruban. Tiluanana diajar ngeunaan Islam. Tina katekunanna maranéhna lulus. Saeungeus lulus guguru, Syékh Nurul Jati marentahkeun Pangéran Cakrabuana sangkan nyieun hiji dusun atawa dukuh sababaraha kilometer ka kalér.

Isukna, Pangéran Cakrabuana jeung adina Ratu Mas Rara Santang jeung Indyhang Ayu turun gunung, niat rék néangan tempat nu cocok keur mimitian

nyieun dusun. Saeunggeus nepi di daérah basisir, ti kajauhan katempo saurang pamayang nu ngarana Ki Gedheng Alang-Alang kakara turun tina parahuna.

“Leres Bapa nu nempatan ieu daérah ?”

“Leres, Jang. Saha tea ujang téh jeung bade kamana?” Tanya Ki Gedheng Alang-Alang.

Tuluy Pangéran Cakrabuana ngajelaskeun maksud kadatangana ka daérah basisir ieu. “Bapa, maksud abdi ka dieu téh badé ngabangun dusun, saluyu sareng kahoyong jeung pituduh guru abdi, Syékh Nurul Jati, “jawab Pangéran Cakrabuana.”

Dibantu Ki Gedheng Alang-Alang, Pangéran Cakrabuana mimiti ngabangun dukuh, sababaraha minggu ti dinya jadi imah anu bisa di tempatan. Isukanana, daratang murid-murid nu rék diajar ngeunaan Islam, utamana ti daérah Galuh. Beuki lila murid Pangéran Cakrabuana beuki nambahan loba. Pangéran Cakrabuana ngarasa ngemplong sabab titah guruna geus dilaksanakeun. “Alus pisan, jadikeun tempat ieu keur ngajadikeun cikal bakal kota Cirebon,” ceuk Syékh Nurul Jati ka putra putrina Prabu Siliwangi. Dina poé jeung bulan nu geus tangtu, umpamana waé bulan Mulud, sok diayakeun acara iring-iringan nu mimitina ti Karaton Kanoman. Anéhna, iring-iringan éta kudu aya di tengah jalan, sanajan keur paamprok jeung angkutan, teu meunang ingkah, najan ka sisi.

Dina poé nu geus ditangtukeun, sakabéh murid Pangéran Cakrabuana ngababad leweung keur dijadikeun tempat nyieun tarasi jeung cai rebon atawa cai udang make pakakas halu jeung lumping batu. Lamun geus rengse, Pangéran Cakrabuana jeung muridna ngabangun hiji Surau jang kaperluan ibadah. Di dieu

cikal bakal kota Cirebon ngadeg. Saterusna dibangun Karaton Pakungwati, Karaton Kasepuhan jeung Masjid Agung Cirebon.

Beuki lila warta téh kadéngé ku warga di luar dusun éta. Maranéhna daratang ka dusun éta rék meuli tarasi jeung cai rebon keur nyieun petis. Ti saprak harita, dukuh téh katelah ku balarea Dukuh Cirebon, singkatan tina Cai jeung Rebon.

4.3.3.2 Analisis Struktur

4.3.3.2.1 Téma

Téma dina ieu dongéng nyaéta paréntah sangkan ngabakti ka kolot jeung nurut kana sagala titahanana. Ieu hal kagambar dina carita nyaéta nalika Pangéran Cakrabuana, Indhyang Ayu jeung Ratu Mas Rara Santang ngalaksanakeun parentah ti guruna, Syékh Nurul Jati keur ngabangun hiji dusun.

4.3.3.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianana kapedar ieu di handap.

- 1) Prabu Cakrabuana, Indhyang Ayu jeung Ratu Mas Rara Santang guguru ka Syékh Nurul Jati;
- 2) Syékh Nurul Jati nitah katilu muridna sangkan nyieun hiji dusun.
- 3) Prabu Cakrabuana, Indhyang Ayu jeung Rara Santang panggih jeung Ki Gedheng Alang-Alang.

- 4) Dibantos Ki Gedheng Alang-Alang, Prabu Cakrabuana bisa ngadegkeun hiji dukuh.
- 5) Pangéran Cakrabuana jeung muridna ngababad leuweung keur dijadikeun tempat nyieun tarasi jeung cai rebon.
- 6) Pangéran Cakrabuana jeung muridna ngadegkeun hiji Surau keur ibadah.
- 7) Saterusna dibangun ruruntuyan karaton Pakungwati, karaton Kasepuhan jeung Masjid Agung Cirebon.
- 8) Pemandang daratang ka dusun keur meuli tarasi jeung cai rebon. Ti harita éta dukuh téh ku balaréa katelah Dukuh Cirebon, singkatan tina cai jeung rebon.

4.3.3.2.3 Palaku

Nu jadi palaku dina ieu carita ny éta Syékh Nurul Jati, Prabu Cakrabuana, Indyhang Ayu, Rara Santang, Ki Gedheng Alang-Alang jeung warga di sabudeureunana.

- 1) Syékh Nurul Jati digambarkeun ngabogaan sipat welas asih jeung bijaksana.
- 2) Prabu Cakrabuana, Indyhang Ayu jeung Rara Santang ngabogaan sipat wanian jeung patuh ka titah guruna.

“Bapa, maksud abdi ka dieu téh bade ngabangun dusun, saluyu sareng kahoyong jeung pituduh guru abdi, Syékh Nurul Jati....”

- 3) Ki Gedheng Alang-Alang digambarkeun ngabogaan sipat pitulung.

4.3.3.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempat dina dongéng nyaéta di Gunung Jati, Pasambangan Cirebon, daérah pesisir jeung leuweung geledegan. Kagambarkeun dina cutatan ieu di handap.

“...Di Gunung Jati, Pasambangan Cirebon.”(baris ka-1)

“...Sadatangna di daérah basisir.”(paragraph ka-2, baris ka-2)

“...Sakabéh murid Pangéran Cakrabuana ngababad leuweung.”(paragraph ka-5, baris ka-1).

b. Latar waktu

Latar waktu dina dongéng nyaéta waktos Pangéran Cakrabuana nincak déwasa. Digambarkeun dina cutatan ieu di handap.

“Nalika nincak déwasa.....”(baris ke-1)

4.3.3.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah anu nyangkaruk dina carita rayat Cikal bakal Kota Cirebon nyaéta miaharep sangkan unggal jalma miboga maksud anu junun, sangkan hasil pamaksudan. Lamun keying tangtu pareng. Sakumaha anu digambarkeun dina ieu dongéng. Anu antukna bias nyieun dusun luyu jeung anu dipikahayang.

4.3.4 Dongéng “Silsilah Sunan Gunung Jati”

4.3.4.1 Téks

Ngadahupna Ratu Mas Rara Santang jeung Syarif Abdullah, dipaparin dua urang putra, nyaéta Syarif Hidayatullah jeung adina nu dingaranan Syarif Nurullah. Duanana gagah jeung pinter. Maranéhna hirup di lingkungan karaton anu kuat kana atikan Islamna ngabalukarkeun kaimanan jeung katakwaan kuat.

Saparantos Syarif Hidayatullah déwasa, ibuna menta ka manéhna sangkan daek indit ka Jawa Barat keur nyiarkeun Islam ka warga di sabudeureunana. “Upami éta kahoyong Ibunda, dinten ieu ogé Ananda bade angkat ka pulau Jawa. Tapi kedah kamana? Sabab Ananda teu acan kantos ka ditu.” Tuh ka ditu nepungan ka Uwa manéh di daérah Cirebon. Manéh moal hésé néanganan sabab Uwa manéh téh Kuwu di dukuh Cirebon. Meureun anakna ogé anyeuna mah geus gedé, teu béda jauh jeung manéh,” ceuk indungna.

Syarif Hidayatullah tuluy indit ka Cirebon. Dibaturan ku Uwana, nyaéta Pangéran Cakrabuana. Manéhna bisa ngislamkeun sakabéh urut kakuasaan Pajajaran. Saterusna tugas nu dipanggul ku Syarif Hidayatullah didukung ku para Wali séjéna nu ahirna ngabentuk déwan Walisongo nu dipimpin ku Sunan Ampél.

Saenggeus nyebarkeun Islam ka sakabéh daérah kakuasaan Pajajaran, Syarif Hidayatullah nu gelarna Sunan Gunung Jati dumuk di Karaton Pakungwati atawa Karaton Kasepuhan. Tuluy Sunan Gunung Jati jadi kapala Nagara di Jawa Barat sakaligus jadi Wali. Saparantosna sesepuh Walisongo wafat, nyaéta Sunan Ampel, para Wali ngukuhkeun Sunan Gunung Jati jadi pupuhu Walisongo.

Nu jadi dadasar para Wali sapakat keur ngangkat Sunan Gunung Jati jadi pupuhu ku sabab maranéhna ningali garis katurunan Sunan Gunung Jati.

Silsilah ti garis bapa, Kanjeng Nabi Muhammad Rasullullah SAW.

1. Siti Fatimah (istri Sayidina Ali r.a)
2. Sayid Husein
3. Sayid Zaenal Abidin
4. Muhammad Bakir
5. Jafar Siddiq (di Irak)
6. Kasim Al Kamil
7. Idris
8. Albakir
9. Akhmad
10. Baidillah
11. Muhammad
12. Alwi
13. Ali Gayam
14. Muhammad
15. Alwi (di Mesir)
16. Abdul Malik (di India)
17. Amir
18. Jalaludin
19. Jamaludin (di Kamboja)
20. Nurul Alim

21. Syarif Abdullah (istrina Rara Santang)

22. Syarif Hidayatullah/ Sunan Gunung Jati.

Silsilah Sunan Gunung Jati ti garis ibu, Prabu Panji Kuda Lelean (Maharaja Adimulya).

1. Prabu Ciung Wanara

2. Ratu Dewi Purbasari

3. Prabu Lingga Hiang

4. Prabu Lingga Wesi

5. Prabu Wastu Kencana

6. Prabu Susuktunggal

7. Prabu Banyak Larang

8. Prabu Banyak Wangi

9. Prabu Mundingkawati

10. Prabu Anggalarang

11. Prabu Siliwangi

12. Ratu Mas Rara Santang

13. Syarif Hidayatullah/ Sunan Gunung Jati.

4.3.4.2 Analisis Struktur

4.3.4.2.1 Téma

Téma dina ieu dongéng nyaéta parentah sangkan ngabakti ka Ibu Bapa jeung nurut kana sagala paréntahna anu hadé, komo dina memperjuangkeun agama Islam salaku agama Rahmatan Lil' alamin.

4.3.4.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianana nyaéta kapedar ieu di handap.

- 1) Syarif Hidayatullah mangrupa putra hasil ngadahupna Rara Santang jeung Syarif Abdullah;
- 2) Saatosna Syarif Hidayatullah déwasa, ibuna menta ka anjeunna sangkan indit ka Jawa Barat pikeun nyebarkeun Islam ka warga nu aya di sbudeureunana;
- 3) Syarif Hidayatullah tuluy indit ka Cirebon;
- 4) Dibaturan ku Uwana nyaéta Pangéran Cakrabuana, manéhna bisa ngislamkeun sakabéh kakuasaan Pajajaran;
- 5) Saparantosna Sunan Ampel wafat, teras Sunan Gunung Jati diangkat jadi pupuhu Walisongo.

4.3.4.2.3 Palaku

Nu jadi palaku dina ieu dongéng nyaéta Syarif Hidayatullah/ Sunan Gunung Jati, Rara Santang, Syarif Abdullah, Syarif Nurullah, Prabu Cakrabuana, jeung Wali Songo.

- 1) Syarif Hidayatullah kagambarkeun ngabogaan sipat soleh jeung bakti ka sepuhna, ogé ngagaduhan katakwaan nu kiat ka Allah Swt. Kagambarkeun dina cutatan ieu di handap.

“Syarif Hidayatullah tuluy indit ka Cirebon. Dibaturan ku Uwana, nyaéta Pangéran Cakrabuana. Manéhna bisa ngislamkeun sakabéh urut kakuasaan Pajajaran.....”

- 2) Rara Santang kagambarkeun miboga sipat pengkuh kana agama jeung katakwaan anu kiat ka Allah Swt sareng nyaah pisan ka putra – putrana.
- 3) Prabu Cakrabuana ngagaduhan sipat bijaksana jeung welas asih.
 “Dibaturan ku Uwana, nyaéta Pangéran Cakrabuana. Manéhna bisa ngislamkeun sakabéh urut kakuasaan Pajajaran....”

4.3.4.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempat dina ieu carita nyaéta di lingkungan karaton, Jawa Barat jeung Cirebon. Digambarkeun dina cutatan ieu di handap:

- 1) “Maranéhna hirup di lingkungan karaton...” (baris ka-2)
- 2) “...Kersa angkat ka Jawa Barat.”(paragraph ka-2, baris ka-1)
- 3) “...Uwa manéh di daérah Cirebon.”(paragraph ka-2, baris ka-3)

b. Latar waktu

Latar waktu dina dongéng nyaéta nalika Syarif Hidayatullah déwasa. Digambarkeun dina cutatan ieu di handap:

“Saenggeus Syarif Hidayatullah déwasa.....”(paragraph ka-2, baris ka-1)

4.3.4.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah budaya anu nyangkaruk dina ieu carita rayat téh nyaéta nu patali jeung réligi. Dina éta carita ditétélakeun ajaran agama Islamla anu disebarkeun ku Sunan Gunung Jati salaku salah sahiji wali songo di pulo Jawa. Lian ti éta, ditétélakeun ogé silsilah Sunan Gunung Jati ti luluhurna.

4.3.5 Dongéng “Mengemban Tugas Yang Semakin Besar”

4.3.5.1 Téks

Saparantos Prabu Siliwangi wafat, tahta karajaan Pajajaran dipaparinkeun ka Pangéran Cakrabuana, Anjeunna linggih di karaton Pakungwati. Ngan rupina Pangéran Cakrabuana teu ngagaduhan niat janten raja Pajajaran. mangkana dina taun 1479 M, Pangéran Cakrabuana nyerahkeun kakuasaanna ka Sunan Gunung Jati.

“Anaking, anyeuna aki manéh Prabu Siliwangi geus wafat. Salaku putra mahkota, Uwa kudu jadi raja di Pajajaran. Ngan Uwa geus teu hayang kana dunya jeung kadudukan. Kusabab kitu, kumaha lamun manéh bae nu jadi raja Pajajaran, sakaligus ngabawahan Cirebon. Salain manéh masih ngora, salaku saurang sunan leuwih merlukeun kakuasaan ieu, ambéh Islam bisa babari dianut warga . Kulantaran kadudukan saurang raja mangrupa jabatan paling penting jeung terhormat di dunia ieu,”Ceuk Pangéran Cakrabuana nu harita umurna geus kolot.

“Mangga atuh upami kitu mah. Ayeuna Cirebon mutlak jadi karajaan Islam kaasup sakabéh bawahan Pajajaran. Abdi teu cangcaya deui pikeun nyebarkan Islam kasakabéh daérah di Jawa Barat. Mudah-mudahan Allah Swt

salawasna nangtayungan jeung ngarido'an perjuangan urang saléréa ieu," jawab Sunan Gunung Jati. Salaku bukti lamun Pajajaran geus dihijikeun jeung Cirebon, Sunan Gunung Jati mawa hiji balai gede, di tengahna aya singgasana tempat Prabu Siliwangi ngayakeun rapat jeung para gegeden Pajajaran jeung wiku.

Pikeun ngalengkan misina, Sunan Gunung Jati angkat ka negeri Cina. Sunan Gunung Jati linggih di hiji kota nu deukeut jeung Peking. Waktu harita anu jadi kaisar nyaéta Hong Gie atawa disebut ogé kaisar Ong Kian. Salila di ditu Sunan Gunung Jati maké sandiasma, nyaéta Insan Kamil. Kaisar Hong Gie wanoh Sunan Gunung Jati lain salaku ulama tapi salaku tabib.

Dina hiji waktu, Sunan Gunung Jati atawa Insan Kamil dipénta datang kaisar di Istanana. Sang kaisar maksudna rék nguji kamampuan tabib nu salila ieu dipiwanoh boga kaistimewaan.

"Anjeun nu ngaranna Insan Kamil?" ceuk kaisar.

"Sumuhun. manawi aya nu tiasa dibantos?"

"Kieu tabib. Urang boga dua urang anak parawan. Ceuk anjeun naha bener kadua anak kaula téh keur hamil?" ceuk Kaisar bari mawa dua budak awéwéna.

Sakedap Sunan Gunung Jati ngado'a ka hadirat Allah SWT pinuh ku khusyuk. Tuluy Sang Sunan neuteup patuangan dua budak awéwé Kaisar.

"Numutkeun abdi, kadua putri Baginda nuju hamil ngora," jawab Sunan Gunung Jati tenang.

"Tebakan manéh salah, tabib. Anu hamil ngan salah saurang. Sedengkeun putri Ong Tien mah gadis kénéh. Gening kakuatan anjeun teu sasakti nu ku Kaula dibayangkeun," ceuk Kaisar bari adigung.

“Hapunteun Baginda, abdi teu sangeunahna nebak. Sadayana numutkeun pituduh Nu Kawasa.”

“Dasar tukang bohong! Geura indit siah manéh ti dieu!” Teu kungsi lila Sunan Gunung Jati ngantunkeun istana sareng teras wangsul ka tanah Jawa.

Nanging gening hate putri Ong Tien kapincut ku Sunan Gunung Jati. Sareng tilu sasih satuluyna putri Ong Tien rewas yén anjeunna nuju hami, padahal statusna masih kénéh gadis. Geger sakabéh Istana. Sajeroning rewas luar biasa, Kaisar ngaraos salah tetela gening tebak Sunan Gunung Jati téh teu salah.

Kaisar buru-buru ngarundingkeun jeung para penaséhatna. Nu ahirna diputuskeun ngintunkeun putri Ong Tien ka Jawa kanggo ditikahkeun sareng Sunan Gunung Jati. Saparantos pendak sareng Sunan Gunung Jati, putri Ong Tien sareng para pengiringna suka rela lebet Islam. Putri Ong Tien teras gentos nami janteun Ratu Mas Rarasumanding. Ngadahupna dilaksanakeun di Luragung.

Saatos nikah salami opat taun, Ratu Mas Rarasumanding pupus. Tina hasil kawina Sunan Gunung Jati teu ngagaduhan putra, nanging, sateuacan ngantunkeun Ratu Mas Rarasumanding ngangkat putra, putra ti Raja Luragung. Orok pameugeut éta kening ngalironan sareng bokor kuningan anu dicandakna ti negeri Cina. Pikeun ngingngeut asal mula éta orok, dipasihan nami Dipati Kuningan.

4.3.5.2 Analisis Struktur

4.3.5.2.1 Téma

Téma dina ieu carita nyaéta kakuasaan gusti Allah téh nyata jeung bisa kajadian. Hal ieu kagambar dina cutatan di handap.

“...tilu bulan kapayun putri Ong Tien hamil, padahal statusna masih kénéh gadis.”(paragraph ke-6, baris ke-2).”

4.3.5.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianana nyaéta kapedar ieu di handap.

- 1) Saparantos Prabu Siliwangi wafat, tahta karajaan Pajajaran ragrag ka Pangéran Cakrabuana;
- 2) Nanging Pangéran Cakrabuana teu gaduh niat kanggo janten raja Pajajaran. matakna Pangéran Cakrabuana nyerenkeun kakuasaana ka Sunan Gunung Jati;
- 3) Pikeun ngalengkapan misina, Sunan Gunung Jati ogé angkat ka negeri Cina;
- 4) Salila cicing di ditu Sunan Gunung Jati make ngaran sandi asma, nyaéta Insan Kamil. Kaisar Hong Gie wanoh Sunan Gunung Jati lain salaku ulama tapi salakuntabib;
- 5) Dina hiji poé, Sunan Gunung Jati atawa Insan Kamil diparéntah sangkan nepungan Kaisar di Istanana;

- 6) Sang kaisar gaduh maksud nguji kamampuan tabib nu salila ieu boga kaistimewaan;
- 7) Sunan Gunung Jati ngantunkeun istana sareng saterasna uwih ka tanah Jawa;
- 8) Nanging haté putri Ong Tien kagok geus kapincut ku Sunan Gunung Jati, tilu sasih kapayunna putri Ong Tien tétéla tos hamil padahal statusna masih gadis;
- 9) Putri Ong Tien ka Jawa kanggo ditikahkeun sareng Sunan Gunung Jati. Saatos nikah sareng Sunan Gunung Jati, putri Ong Tien sareng para pengiringna suka rela lebet Islam;
- 10) Putri Ong Tien satuluyna ganti ngaran jadi Ratu Mas Rarasumanding. Tuluy pernikahanna dilaksanakeun di Luragung.
- 11) Salila nikah opat taun, Ratu Mas Rarasumanding pupus;
- 12) Sateuacan ngantunkeun Ratu Mas Rarasumanding ngangkat putra ti Raja Luragung;
- 13) Orok lalaki éta téh diliron nganggo bokor kuningan nu dicandakna ti negeri Cina;
- 14) Pikeun ngemut asal mula éta orok, dibéré ngaran Dipati Kuningan.

4.3.5.2.3 Palaku

Nu jadi palaku dina ieu dongéng nyaéta Sunan Gunung Jati, Pangéran Cakrabuana, Kaisar Hong Gie, Putri Ong Tien.

- 1) Sunan Gunung Jati digambarkeun ngagaduhan kapribadian anu santun jeung dianugerahan kaistimewaan.

“Numutkeun abdi, kadua putri Baginda nuju hamil ngora,” jawab Sunan Gunung Jati tenang....

- 2) Kaisar Hong Gie miboga sipat gedé hulu. Hal ieu kagambar dina cutatan di handap.

“...Singhoreng manéh téh teu sahébat nu dibayangkeun,” ceuk kaisar bari jumawa.”(paragraph ka-5, baris ka-7).

4.3.5.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempat dina dongéng nyaéta dina tatar Pajajaran, negeri Cina. Digambarkeun dina cutatan di handap:

“...Tahta karajaan Pajajaran lagrag ka Pangéran Cakrabuana.”(baris ka-1)

“...Sunan Gunung Jati ogé angkat ka negeri Cina.”(paragraph ka-4, baris ka-1)

b. Latar waktu

Latar waktu dina carita nyaéta dina taun 1479 M. Digambarkeun dina cutatan di handap.

“...Dina taun 1479 M, Pangéran Cakrabuana nyerahkeun kakuasaanna ka Sunan Gunung Jati.”(baris ke-2)

4.3.5.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah budaya anu nyangkaruk dina ieu carita nyaéta anu patali jeung system kamasarakatan. Dina ieu carita digambarkeun pengkuhna Pangéran Cakrabuana nalika nyapeng pancén kanagaraan anu patali jeung karaharjaan jeung tumuwuhna hiji nagara. Ku kajujuran jeung rasa tanggungjawab anu dipimilik ku para pamingpinna Pajajaran bisa lana. Lian ti system kamasarakatan, papatah budaya anu nyangkaruk dina ieu carita rayat téh nyaéta system religi. Ku kakawasaan Nu Nyipta sagala rupa ogé teu matak jadi mustahil. Sakumaha dina Al-Qur'an geus ditétélakeun, lumun Allah ngidinan samudaya kajadian ogé bakal kajadian "*Kun Fa Yaqun*".

4.3.6 Dongéng "Wafatna Prabu Siliwangi"

4.3.6.1 Téks

Tos opat puluh taun langkung Prabu Siliwangi teu patepang sareng putra jeung incuna. Rasa sono minuhan manah Raja Pajajaran . Dina hiji poé Prabu Siliwangi ngumpulkeun sadaya menteri jeung wiku pikeun nepikeun kahoyongna sangkan bias papanggih jeung anak incuna. Para menteri jeung punggawa ngiring ngadukung kahoyong rajana, nanging aya sababaraha urang wiku nu teu satuju sabab maranéhna nyadar lamun putra jeung incuna Prabu Siliwangi mangrupa tokoh agama anu miboga pangaruh gede pisan jeung bisa mangaruhan sakabéh gegeden Karajaan Pajajaran.

Sangkan katanganana ka Cirebon teu ngarewaskeun, Prabu Siliwangi langkung tipayun ngutus Tumenggung Jagabaya sareng rombonganana nu

jumlahna genep puluh urang. Nangan rupina aya sababaraha urang wiku anu miboga maksud pikeun ngagagalkeun angkatna Tumenggung Jagabaya ka Cirebon, maranéhna maréntahkeun para panjahat keur ngahadang di leuweung jeung ngarampas sakabéh barang jeung hadiah ti Prabu Siliwangi keur putra-putrina jeung incuna, malahan lamun perlu runtagkeun sakabéh utusan ti Pajajaran. Prabu Siliwangi sorangan teu apaleun lamun diantara para wiku aya nu haténa hasud.

Pondok carita pas nepi di tengah leuweung, para utusan téh diserang ku para panjahat jeung pertempuran ogé teu bisa dipisahkeun deui. Ngan Tumenggung Jagabaya jeung anak buahna bisa ngalumpuhkeun para panjahat éta. Tapi, sabada para panjahat ditanya saha nu nitah nyerang, maranéhna langsung bunuh diri. Jandi Tumenggung Jagabaya heran jeung curiga, tuluy manéhna nyingkabkeun cadar nu nutupan beungeut para panjahat. Manéhna reuwas sabab wawuh jeung salah saurang panjaha. Taya lian nyaéta saurang putra salah sahiji wiku. Saparantosna nepi di Cirebon maranéhna dipapag kalayan gumbira ku para putra jeung incu Prabu Siliwangi. Peutingna, utusan ti Pajajaran nanyakeun ngeunaan Islam ka Sunan Gunung jati tuluy dijawab . Nanging Sunan Gunung Jati jeung Pangéran Cakrabuana teu maksa utusan téh sangkan asup Islam.

Saatos sagalana dibéjérbeaskeun ku Sunan Gunung Jati, Tumenggung Jagabaya jeung para pangikutna nangis ngarasa ta'jub. Ti harita ogé utusan ti Pajajaran nu jumlahna genep puluh urang ieu téh lebet Islam disaksikeun ku Sunan Gunung Jati sareng Pangéran Cakrabuana. Saatos lebet Islam, utusan ti Pajajaran netep di Cirebon pikeun neuleuman ajaran Islam. Sok sanajan kitu, Prabu

Siliwangi sorangan geus teu sabar deui nungguan warta ti Cirebon. Rasa sono ka anak incuna nyieun haténa teu tenang, manéhna geus ngarasakeun lamun ajal teu lila deui bakal nyampeurkeun. Para arwah luluhur Galuh geus daratang siga rék nyampeur.

Sabada ngabéjérbeaskeun ka gegeden istana/wiku, ahirna Prabu Siliwangi mutuskeun rék indit ka Cirebon. Ngan Prabu Siliwangi rencanana kahalangan ku para wiku anu pangaruhna gede pisan di Pajajaran. Maranéhna kasieunan lamun Prabu Siliwangi nepi kapangaruhan ku anak incuna dina hal kapercayaan ,nyaéta Islam. Pikeun ngajauhkeun tina pipaseaeun jeung para wiku, kapaksa Prabu Siliwangi ngabolaykeun pamaksudanana ka Cirebon. Teu lila ti dinya, Prabu Siliwangi langsung teu damang jeung tambih parna panyawatna ku sabab nahan kasono ka anak-incuna nu geus lila teu papanggih. Ahirna Raja Pajajaran téh ngantunkeun dipayuneun istri jeung gegeden istana.

Aya persi sanesna ngeunaan kisah maotna Prabu Siliwangi. Nalika Prabu Siliwangi rék indit ka Cirebon, para wiku ngahalangan. Sagala alesan jeung dalih maranéhna bias mangaruhan Prabu Siliwangi, malahan para wiku méré saran ka Prabu Siliwangi sangkan buru-buru kabur ti istana. Saterusna Prabu Siliwangi asup ka leuweung dibarengan ku para pangikut nu satia ka manéhna. Cenah, Prabu Siliwangi ngarobah wujud jadi maung kajajaden buluna bodas hideung. Kitu deui jeung para abdina robah wujud jadi maung belang koneng hideung, nu saterusna disebut Maung Siliwangi. Prabu Siliwangi dugi ka anyeuna jadi panghuni goib di daérah Sancang, Pameungpeuk, Garut pakidulan.

Dugi anyeuna dipercaya ku warga wilayah Sancang, cenah Prabu Siliwangi nempatan salah sahiji guha nu aya di ditu. Malah cenah cirina, ngadeg tangkal nu disebut tangkal Kaboa, numutkeun carita éta tangkal téh urut tongkat Prabu Siliwangi. Cek sakaol lamun hayang boga bujang nu wujudna maung kajajaden, bisa menangkeunana liwat kai Kaboa éta. *Wallahualam bhissawab.*

4.3.6.2 Analisis Struktur

4.3.6.2.1 Téma

Téma dina ieu dongéng nyaéta sagala nu aya nyawaan dina ahirna bakal balik kanu Nyiptana.

4.3.6.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianana ieu di handap.

- 1) Opat puluh taun leuwih Prabu Siliwangi teu panggih jeung anak incuna;
- 2) Prabu Siliwangi ngumpulkeun sakabéh menteri jeung wiku keur nepikeun pamaksudanana hayang bisa panggih jeung anak incuna;
- 3) Nanging aya sababaraha urang wiku anu teu satuju;
- 4) Prabu Siliwangi ngutus Tumenggung Jagabaya jeung rombonganana nu jumlahna genep puluh urang;
- 5) Sababaraha urang wiku nyobaan ngagagalkeun inditna Tumenggung Jagabaya ka Cirebon;

- 6) Sanepina di Cirebon maranéhna dipapag kalayan gumbira ku para anak incuna Prabu Siliwangi;
- 7) Saeunggeus asup Islam, utusan ti Pajajaran netep di Cirebon pikeun neuleuman ajaran Islam;
- 8) Prabu Siliwangi gering alatan nahan kasono ka anak incuna nu geus lila teu panggih;
- 9) Ahirna Raja Pajajaran ngantunkeun dipayuneun istri jeung gegeden istana.

4.3.6.2.3 Palaku

Nu jadi palaku dina ieu dongéng nyaéta Prabu Siliwangi, Wiku, Tumenggung Jagabaya, Sunan Gunung Jati jeung Pangéran Cakrabuana.

- 1) Prabu Siliwangi digambarkeun umurna tos sepuh jeung ngarasa sono pisan ka anak incuna.
- 2) Para Wiku digambarkeun ngabogaan sipat licik jeung jahat. Ku sabab geus ngahalangan niat Prabu Siliwangi sangkan bisa panggih jeung anak incuna. Sarta geus narékahan nyilakaan utusan Sang Prabu, nyaéta Tumenggung Jagabaya jeung pasukanana basa rék indit ka Cirebon.
- 3) Tumenggung Jagabaya digambarkeun ngabogaan sipat amanah dina nyepeng pancén ti Sang Prabu Siliwangi.

4.3.6.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempat dina carita ieu nyaéta tatar Pajajaran jeung Cirebon. Digambarkeun dina cutatan di handap.

“...Rasa sono minuhan manah Raja Pajajaran.”(baris ka-2)

“...Sangkan katanganana ka Cirebon teu ngagetkeun .”(paragraph ka-2, baris ka-1)

b. Latar waktu

Latar waktu dina carita ieu nyaéta nalika pamerentahan Prabu Siliwangi.

4.3.6.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah anu patali jeung budaya dina ieu carita rayat téh nyaéta patali jeung system religi. Dina téma ditétélakeun yén sakabéh anu nyawaan tangtu bakal nyanghareupan nu ngaranna maot. Ieu téh dina Al-qur'an ditétélakeun kalayan écés. Ku kituna sakumna jalma nu hirup kudu inget kana maot, lian ti éta pikeun anu ditinggalkeun kudu sabar, narima ka nu geus ditakdirkeun ku Pangéran.

4.3.7 Dongéng “ Pangéran Cakrabuana ”

4.3.7.1 Téks

Carita wafatna Prabu Siliwangi tuluy nepi ka anak incuna di Cirebon. Ngadengucarita wafat, sakabéh katurunan Prabu Siliwangi utamana Pangéran

walangsungsang Cakrabuana ngarasa sedih jeung ambek. Manéhna nyahoeun kalicikan pikiran para wiku.

Pangéran Cakrabuana ambek tuluy boga maksud indit ka Pajajaran pikeun ngabales ka para wiku nu geus ngahalangan Bapana rék indit ka Cirebon. Ngan niatna dihalangan ku Sunan Gunung Jati. Salaku wali nu bijaksana manéhna menta Pangéran Cakrabuana sabar jeung jembar hampura. Meureun geus jadi takdirna Prabu Siliwangi kudu maot. Nu ngarana muslim kudu salawasna boga sikep sabar lamun meunang kasusah jeung tawakal nalika meunang musibah. Ucapan Sunan Gunung Jati rupana ngeunaan sasaran da saharita ogé hate Pangéran Cakrabuana jadi luluh.

Teu micen waktu deui, p oé éta kénéh sakabéh katurunan Prabu Siliwangi ti Cirebon indit ka Pakuan Pajajaran di Bogor. Waktos éta Pangéran Kian Santang nu geus asup Islam, ngarana diganti jadi Haji Mansyur ogé geus aya di Cirebon, tangtu manéhna ogé milu ka Pajajaran. Kadatangan maranéhna ka Pajajaran ngareuwaskeun masarakat anu aya di sabudeureunana. Salian ti reuwas, maranéhna ogé nu deuket jeung Istana Pajajaran bingung, sabab Istana Pajajaran geus musnah euweuh urutna pisan. Nalika para putra jeung putri katurunan Prabu Siliwangi keur kabingungan, ditukangeun tangkal datang sababaraha urang bujang satia Prabu Siliwangi salila hirupna. Maranéhna tuluy ngahaturkeun sembah sujud jeung nyaritakeun lamun layon Prabu Siliwangi geus diperabukeun luyu jeung parentah para wiku. Saterusna para wiku ngaruntuhkeun Istana maké “cairan bertuah” nu bisa meakeun Istana. Teu lila ti harita, istana ambles ka jero bumi ngahiji jeung taneuh. Di buruan Istana ogé dipelakeun pusaka

ampuh nu disebut Sabda Lanang atawa nyere lalakina. Teu kungsi lila, para wiku ogé tuluy ngaleungit ilang musna karana.

Saenggeus ngadéngé carita, tuluy Pangéran Cakrabuana ngajak ka rayat Pajajaran anu daék asup kana ajaran Islam .Poé éta ogé sakabéh rayat Pajajaran ngocapkeun dua kalimah syahadat di hareupeun para putra Prabu Siliwangi. Para putra jeung incu Prabu Siliwangi tuluy indit ka Banten, Ngan saacanna maranéhna nitipkeun urut Istana Pajajaran ka para menteri jeung rayat di dinya, maksudna bakal ngabangun deui Istana Pajajaran ku Kian Santang sabalikna ti Banten. Sanepina di Banten, Pangéran Cakrabuana langsung ngadongkapan Dipati Ki Ghedeng Kawunganten jeung naroskeun ngeunaan kapercayaanana. Ku para wali éta dijelaskeun kumaha ajaran Islam saenyana nepikeun Dipati Ki Ghedeng Kawunganten boga niat haying asup Islam.

Nanging rupina panduduk Cibeo tetep dina kapercayaan lilana. Jeung para putra Prabu Siliwangi teu maksa maranéhna sangkan asup islam. Nepi ka anyeuna masarakat Cibeo tetep nganut kapercayaan lila, nyaéta agama Sanghiang. Pikeun ngaaewangun hubungan nu langkung pageuh, Sunan Gunung jati nikah sareng raina Dipati Ki Ghedeng Kawunganten nu namina Ratu Mas Kawunganten. Saparantos sagala urusan beres, maranéhna balik deui ka Cirebon. Ceuk béja Prabu Kian Santang netep heula di Bogor keur ngabangun deui Istana Pajajaran. Dugi ka sababaraha taun ka payun, Ratu Mas Kawunganten ngalahirkeun saurang putra pameget nu dibéré ngaran Pangéran Subangkingkin nu teu lian nyaéta Hasannudin.

Saeunggeus Pangéran Subangkingkin déwasa, Banten diserahkan ka manéhnaanu saterusna digelaran salaku Sultan Hasanuddin. Sultan Hasanuddin wani pisan dina ngusir penjajah Walanda. Ti harita, wilayah Karajaan Pajajaran jadi dua wilayah nu merdéka pinuh. Kasultanan Cirebon dipimpin ku Sunan Gunung Jati. Jeung kadua, kasultanan Banten dipimpin ku Sultan Hasanuddin. Tah kitu geuning jalan carita sajarah kabagi duana tilas Karajaan Pajajaran téh.

4.3.7.2 Analisis Struktur

4.3.7.2.1 Téma

Téma dina ieu carita nyaéta Saurang muslim kudu salawasna ngajaga sikep sabar lamun papanggih jeung kasusah sarta salawasna tawakal dina nyinghareupan musibah.

4.3.7.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianana ieu di handap.

- 1) Wafatna Prabu Siliwangi nyedihkeun sakabéh katurunan Raja Pajajaran;
- 2) Pangéran Cakrabuana ambek jeung boga maksud rék indit ka Pajajaran rék ngabales ka para wiku;
- 3) Nanging niatna dihalangan ku Sunan Gunung Jati;
- 4) Sunan Gunung Jati ménta Pangéran Cakrabuana sabar jeung tawakal;
- 5) Ahirna sakabéh katurunan Prabu Siliwangi ti Cirebon angkat ka Pakuan Pajajaran di Bogor;

- 6) Kadatanganana ka Pajajaran ngareuwaskeun masarakat di sabudeureunana;
- 7) Para wiku ngaruntagkeun Istana make “cairan bertuah” nu bisa ngaruntagkeun taneuh di sabudeureun Istana. Teu lila ti harita, istana ambles ka jero bumi ngahiji jeung taneuh;
- 8) Para anak incu Prabu Siliwangi tuluy angkat ka Banten;
- 9) Pangéran Cakrabuana langsung nemonan Dipati Ki Ghedeng Kawunganten jeung naroskeun ngeunaan kapercayaanana;
- 10) Para wali medar ajaran Islam, nu ahirna Dipati Ki Ghedeng Kawunganten boga niat asup Islam;
- 11) Nanging rupina panduduk Cibeo tetep kana kapercayaan lila maranéhna;
- 12) Pikeun ngawangun hubungan nu leuwih pageuh, Sunan Gunung jati nikah jeung adina Dipati Ki Ghedeng Kawunganten nu ngarana Ratu Mas Kawunganten;
- 13) Sababaraha taun ka payun, Ratu Mas Kawunganten ngalahirkeun anak lalaki nu dibéré ngaran Pangéran Subangkingkin nu taya lian nyaéta Hasannudin;
- 14) Saparantos Pangéran Subangkingkin déwasa, Banten diserahkan ka manéhna anu katelah gelarna Sultan Hasanuddin;
- 15) Ti harita, wilayah Karajaan Pajajaran jadi dua wilayah nu merdéka pinuh. Kasultanan Cirebon dipingpin ku Sunan Gunung Jati. Nu kadua, kasultanan Banten dipimpin ku Sultan Hasanuddin.

4.3.7.2.3 Palaku

Palaku dina ieu carita nyaéta Sunan Gunung Jati, Pangéran Cakrabuana, Pangéran Kian Santang, Dipati Ki Ghedeng Kawunganten, Wiku, Warga Cibeo, Rayat Pajajaran, Ratu Mas Kawunganten, Sultan Hasanudin.

- 1) Sunan Gunung Jati digambarkeun ngabogaan sipat nu mulia jeung bijaksana.
- 2) Pangéran Cakrabuana jeung Kian Santang dicaritakeun nyimpen amarah ka para wiku.
- 3) Para Wiku ngabogaan sipat licik.

Panduduk Cibéo digambarkeun ngabogaan sipat nu taat kana kayakinan leluhurna, nyaéta agama Sanghyang.

4.3.7.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempat dina ieu carita nyaéta Karajaan Pakuan Pajajaran, Kasultanan Cirebon jeung Banten.

b. Latar waktu

Latar waktu dina carita nyaéta nalika maotna Prabu Siliwangi. Digambarkeun dina cutatan ieu di handap:

“...Warta wafatna Prabu Siliwangi nepi ka anak incuna (baris ka-1).

4.3.7.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah budaya anu nyangkaruk dina ieu carita rayat nyaéta anu patali jeung system religi. Dina ieu carita digambarkeun ngeunaan kapercayaan jeung

kumaha pengkuhna nyepeng kapercayaan. Agama Islam nu disiarkeun sing bisa dijalanan kalayan ku jalan da'wah sangkan manusa hirup dina kamulyaan dunya jeung ahérat.

4.3.8 Dongéng “Lahirnya Kesultanan Demak”

4.3.8.1 Téks

Raden Patah, Sultan Ariadila, jeung Raden Kusén, angkat ti Palembang ka pulau Jawa bari mawa pasukan anu seueur jeung persenjataan lengkep. Manéhna gaduh maksud ngislamkeun Bapana, Prabu Brawijaya Kertabumi. Radén Patah nyaéta putra prabu Brawijaya ti saurang istri nu asalna ti Cempa, nanging diageungkeun ku Sultan Palembang, Ariadila.

Sateuacan ka Majapahit, tempat bapana mimpin, Raden Patah langkung tipayun ka Ampel Denta keur nemonan Sunan Ampel. Saenggeus nyaritakeun maksud kadatanganana ka pulau Jawa ka Sunan Ampel, tuluy Sunan Ampel ngempelkeun déwan wali keur ngarengsekeun masalah. Saenggeus badami jeung para wali, antukna nyapukan lamun Radén Patah nahan heula niatna keur nyerang Majapahit, Dugi ka Sunan Ampel wafat. Sabab lamun Radén Patah nyerang Majapahit harita kénéh, matak ngabalukarkeun runtagna hubungan antara Sunan Ampel jeung Prabu Brawijaya.

Salian ti éta, Radén Patah disarankeun leuwih ti heula ngumpulkeun pandukung jeung usaha keur menangkeun simpati ti rayat Majapahit, sabab keur naklukeun Majapahit lain hal anu gampang. Isukna, Raden Patah jeung rombongan mimiti muka tempat di Glagah wangi jeung Sultan Ariadila di dinya

maranéhna ngabangun hiji pasantrén. Teu kungsi lila masarakat Glagah Wangi beuki loba, jeung simpati rayat ogé mimiti karasa. Ku masarakat balaréa éta tempat téh pada nyebut daérah *Kadipatén Demak* nu asalna tina kata *Demak* artina tempat nu loba caina. Ku kawijaksanaan Prabu Brawijaya, Radén Patah diangkat jadi adipati nu mingpin daérah Demak.

Sabada Sunan Ampel wafat, Waktuna keur Raden Patah pikeun nyerang Majapahit. Ngan sateuacana Sunan Gunung Jati nyarankeun keur ngirim surat ti heula nu eusina ajakan keur asup Islam ka Prabu Brawijaya jeung sakabéh rayatna. Tapi hanjakalna ajakan éta ditolak ku Prabu Brawijaya jeung manéhna kalah ngibarkeun bandera perang. Prung we perang gede téh jadi antara Majapahit jeung Demak. Perang ieu téh dimenangkeun ku Majapahit, malah Sunan Undung gugur salaku syuhada dina ieu perang.

Raden Patah jeung Déwan Wali tuluy nyusun rencana jeung stratégi keur nyerang deui Majapahit. Harita pasukan Demak geus dibantuan ku pasukan ti Palembang, tuluy bakal ditambahan ku pasukan ti Cirebon. Pasukan dibagi jadi sababaraha kolompok, jeung ahirna karajaan Majapahit bisa ditaklueun. Radén Patah saterusna dipilih salaku Sultan Demak Bintoro nu gelarna Sri Sultan Abdul Patah, jeung puseur kota Majapahit dipindahkeun ka Demak. Ti saprak runtuhna Majapahit jeung ngadegna karajaan Demak Bintoro, Sunan Gunung Jati ngarasa pancena geus beres. Tuluy, dina hiji mangsa anjeuna peupujeuh:

“ Wahai murid-murid nu aya di mana waé, rupina umur simkuring moal lila deui, sabab pancén nu dipapancénkeun geus bérés. Karajaan gedé nu bisa ngahalangan majuna syiar Islam anyeuna geus runtag. Saacan simkuring

ngahadap Allah SWT. simkuring pesen ka maranéh, *Kahiji, Simkuring* titip masjid ambéh tuluy diramekeun jang ibadah. *Kadua, Simkuring* titip fakir miskin kudu tuluy diperhatikeun. *Katilu, Simkuring* titip shalat lima waktu. *Kaopat, lamun aya masalah* béréskeun ku haté nu tiis jeung otak anu beresih. *Kalima*, mumulé nagara sangkan jauh tina kateuhadéan“

Sarengsena nepikeun pesen, Sunan Gunung Jati salaku sesepuh Walisongo mulih ka jati mulang ka asal ka hadirat Allah SWT. Disaksikeun ku kulawarga jeung murid-muridna.

4.3.8.2 Analisis Struktur

4.3.8.2.1 Téma

Téma nu diangkat dina carita ieu nyaéta ajakan keur terus usaha jeung tawakal lamun meunang kasusah, sabab moal aya kasusah anu datangna teu luyu jeung kamampuh urang.

4.3.8.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianana nyaéta dipedar ieu di handap.

- 1) Raden Patah boga maksud ngislamkeun Bapan, Prabu Brawijaya Kertabumi;
- 2) Sateuacan ka Majapahit, tempat Bapana maréntah, Raden Patah langkung ti payun ka Ampel Denta keur nepungan Sunan Ampel;
- 3) Tuluy Sunan Ampel ngumpulkeun déwan wali keur méréskeun masalah;

- 4) Saparantos Sunan Ampel wafat, Radén Patah nyerang Majapahit;
- 5) Kajadian perang antara Majapahit jeung Demak;
- 6) Perangna dimenangkeun ku Majapahit, malah Sunan Undung gugur salaku syuhada dina éta perang;
- 7) Raden Patah jeung Déwan Wali tuluy nyusun rencana jeung stratégi keur nyerang deui Majapahit;
- 8) Harita pasukan Demak nu geus dibantuan ku pasukan ti Palémbang bakal ditambah ku pasukan ti Cirebon;
- 9) Ahirna karajaan Majapahit ogé bisa ditaklukkeun. Radén Patah saterusna dipilih salaku Sultan Demak;
- 10) Ti saprak runtuhna Majapahit jeung ngadegna karajaan Demak Bintoro, Sunan Gunung Jati ngarasa pancéna geus berés;
- 11) Saréngséna nepikeun pesen, Sunan Gunung Jati mulih ka jati mulang ka aswal ka hadirat Allah SWT, disaksikeun ku kulawarga jeung murid-muridna.

4.3.8.2.3 Palaku

Para palaku dina carita ieu nyaéta Sunan Gunung Jati, Raden Patah, Sultan Ariadila, Radén Kusén, Prabu Brawijaya, Walisongo.

- 1) Raden Patah digambarkeun ngabogaan sipat nu pengkuh kana kayakinanana.
- 2) Prabu Brawijaya salaku Bapana Raden Patah ngabogaan sipat gedé hulu jeung pengkuh kana kayakinanana.

4.3.8.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempat dina ieu carita nyaéta Palémbang, Jawa, Demak, Cirebon jeung Karajaan Majapahit.

b. Latar waktu

Latar waktu dina ieu carita nyaéta waktu jaman Karajaan Majapahit anu dipingpin ku Raja Brawijaya.

4.3.8.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah budaya anu patali jeung ieu carita nyaéta system religi. Dina ieu carita rayat ditétélakeun kumaha pengkuhna Raden Patah dina nyiarkeun agama Islam sarta nyieun kasultanan di daérah Demak. ku pengkuh kana agama jeung ka nu Nyipta tangtu bakal aya jalana. Antukna kasultanan ogé bisa ngadeg di Demak, salaku puseur nyiarkeun agama Islam.

4.3.9 Dongéng “Jatuhnya Raja Galuh”

4.3.9.1 Téks

Ti saprak ngadegna Kasultanan Cirebon, Prabu Cakraningrat nu jadi raja di Galuh ambek. Ngarasa kakuasaan Galuh meunang saingan beurat, nyaéta Sunan Gunung Jati jeung para wali. Prabu Cakraningrat ngarasa lamun Cirebon kudu narima Galuh salaku karajaan anu kudu diperhitungkeun. Manéhna hayang Sunan Gunung Jati takluk ka Raja Galuh. Hal ieu dibadamikeun jeung Dipati Kiban, panguasa Palimanan. Palimanan mangrupa bawahan ti karajaan Galuh.

Prabu Cakraningrat nganggap enteng kakuatan Cirebon. Manéhna ngarasa percaya diri kana kakuatan pasukan jeung kasaktiana. Prabu Cakraningrat ngabogaan senjata andalan ngaranna golék sarpa atawa oray mas. Pusaka éta ceunah mampu nahan serangan pasukan timana waé. Hal ieu nu nyieun Prabu Cakraningrat percaya diri bisa naklukkeun Cirebon. Saterusna Sunan Gunung Jati nitah Demang Singagati keur nepikeun surat ka Prabu Cakraningrat sangkan daék asup Islam. Barang Prabu Cakraningrat ngabaca surat ajakan asup Islam, manéhna kacida ambekna.

Demang Singagati jeung pangiringna balik ka Cirebon nyinghareupan Sunan Gunung Jati. Saeungeus yakin ajakan damai teu meunang jawaban, Sunan Gunung Jati maréntahkeun ka Dipati Kuningan keur nyerang pasukan Galuh nu cicing di Gunung Gundul. Ahirna perang teu bisa dihindarkeun deui. Kadua pasukan silih serang kalayan héroik. Masing-masing ngamumulé prinsip hirup jeung kapercayaan.

Harita kabeneran prajurit Demak dihandapeun pimpinan Sultan Trenggono keur tatamu ka Cirebon. Nyahoeun hal ieu Sultan Trenggono langsung mantuan pasukan Cirebon. Ku bantuan éta pasukan Galuh bisa mundur. Tuluy pasukan Cirebon jeung Demak asup kapusat Karajaan Galuh. Ngan pas nepi, maranéhna hésé pikeun asup sabab di sakuliling karajaan dijieun susukan gedé nu dijaga ku prajurit Galuh. Salain kitu pusaka milik Prabu Cakraningrat ngabalukarkeun kabingungan dipihak Cirebon jeung Demak. Maranéhna ningali bénténg anu ngahalangan kacida luhurna jeung kandeul. Pangéran Cakrabuana jeung Sultan Trenggono teu mampu nembus kakuatan pusaka oray mas Prabu Cakraningrat.

Tuluy Pangéran Cakrabuana ngalaporkeun kajadian ieu ka Sunan Gunung Jati. Basa Sunan Gunung Jati narima laporan, anjeunna tuluy mancénkeun murid awewena anu geulis, Nyi Mas Gandasari.

“Usahakeun sangkan manéh bisa asup kajero kota Karajaan Galuh. panggihan Prabu Cakraningrat. Simkuring yakin manéhna bakal kapincut ku kageulisan manéh. Manéh kudu daék dijadikeun istrina, maké cara manéh sorangan sangkan Prabu Cakraningrat nunjukkeun tempat pusaka oray mas éta. Saeunggeus kapanggih, bawa ka dieu, sabab ku cara kitu karajaan Galuh bisa éléh. Maksud urang lain keur maok, tapi hayang nyaho kalemahan karajaan Galuh sangkan maranéhna asup Islam, “ceuk Sunan Gunung Jati ka Nyi Mas Gandasari.”

Maké sagala tarékah Nyi Mas Gandasari bisa ngabohongan Prabu Cakraningrat jeung nyokot pusaka ampuhna. Saeunggeus sadar lamun geus dibohongan ku Nyi Mas Gandasari, Prabu Cakraningrat ambekeun pisan tuluy ngudag ngagunakeun élmu lumpat lir ibarat angin. Pas Nyi Mas Gandasari rék katéwak, datang Pangéran Cakrabuana.

“Lamun manéh wani, ulah ka awewe! Lawan aing!” ceuk Pangéran Cakrabuana bari nyerang Raja Galuh .

Jadi we tarung antara Pangéran Cakrabuana ngalawan Prabu Cakraningrat, sanggeus sababaraha lila, Prabu Cakraningrat mimiti kadeseke. Dina hiji kasempatan, tenggeulan Pangéran Cakrabuana ngeunaan awakna Raja Galuh. Ahirna Raja Galuh teu mampu nandingan kasaktian Pangéran Cakrabuana, tuluy kabur. Kalayan babarengan pasukan Cirebon nyerbu ka jero kota Galuh, ngan

saukur sakerejep sakabéh sésa prajurit bisa diruntagkeun. Ahirna sakabéh rayat Galuh daraék asup Islam.

Rengsé wé pertempuran ngalawan karajaan Galuh téh. Sakabéh rayat Galuh arasup Islam, wilayahna digabungkeun jeung Cirebon. Ti harita agama islam dianut ku warga Galuh jeung sabudeureunana.

4.3.9.2 Analisis Struktur

4.3.9.2.1 Téma

Téma jeung pesen moral dina carita ieu nyaéta sipatna sombong jeung takabur nu ahirna bakal ngandatagkeun mamala, sabab dina hakékatna di luhur langit masih kénéh aya langit. Naon daya manusa mun dibandingkeun jeung kakuatan Nu Maha Kawasa.

4.3.9.2.2 Galur

Galur dina carita ieu nyaéta galur méréélé. Runtuyan kajadianana nyaéta ieu di handap.

- 1) Ti saprak ngadegna Kasultanan Cirebon, Prabu Cakraningrat nu jadi raja di Galuh jadi ambeuk;
- 2) Manéhna hayang Sunan Gunung Jati takluk ka Raja Galuh;
- 3) Prabu Cakraningrat ngabogaan sanjata anu diandelkeun pisan nyaéta golék sarpa atawa oray mas, Pusaka éta mampu nahan serangan pasukan timana waé;

- 4) Sunan Gunung Jati ngutus Demang Singagati keur nepikeun serat ka Prabu Cakraningrat sangkan daék asup Islam;
- 5) Prabu Cakraningrat ngabaca serat ajakan asup Islam jadi ambek;
- 6) Saenggeus yakin ajakan damai teu menang tanggapan, Sunan Gunung Jati maréntahkeun ka Dipati Kuningan keur nyerang pasukan Galuh;
- 7) Jeung perang ogé teu bisa dihindarkeun deui. Dua pasukan ahirna perang. Masing–masing saling ngamumuléprinsip hirup jeung kapercayaan;
- 8) Sultan Trenggono langsung ngabantu pasukan Cirebon. Berkat bantuana pasukan Galuh berhasil dideusek mundur;
- 9) Pusaka milik Prabu Cakraningrat ngabalukarkeun kabingungan tipihak Cirebon jeung Demak;
- 10) Pangéran Cakrabuana jeung Sultan Trenggono teu mampu nembus kakuatan pusaka oray mas Prabu Cakraningrat;
- 11) Sunan Gunung Jati narima laporan éta, anjeunna teras nugaskeun murid awéwéna nu geulis, Nyi Mas Gandasari;
- 12) Prabu Cakraningrat ambeukeun jeung ngudag Nyi Mas Gandasari;
- 13) Basa Nyi Mas Gandasari rék katéwak, datang Pangéran Cakrabuana;
- 14) Nu ahirna perang tanding antara Pangéran Cakrabuana ngalawan Prabu Cakraningrat;
- 15) Ahirna Prabu Cakraningrat teu mampu nandingan kasaktian Pangéran Cakrabuana, nu saterusna kabur;
- 16) Sabérésna pertempuran ngalawan karajaan Galuh. Sakabéh rayat Galuh asup Islam.

4.3.9.2.3 Palaku

Nu jadi palaku dina ieu carita nyaéta Sunan Gunung Jati, Pangéran Cakrabuana, Sultan Trenggono, Prabu Cakraningrat, Nyi Mas Gandasari.

- 1) Sunan Gunung Jati ngabogaan sipat bijaksana
- 2) Pangéran Cakrabuana digambarkeun ngabogaan kasaktian anu hebat,
- 3) Sultan Trenggono ngabogaan sipat pinulung. Hal ieu kagambar nuju anjeuna ngiluan ngabantu pasukan Cirebon ngalawan karajaan Galuh.
- 4) Prabu Cakraningrat ngabogaan sipat angkuh jeung teu daek diislamkeun, salain kitu Prabu Cakraningrat ngabogaan sanjata pusaka ampuh nu mampu nahan gempuran ti serangan musuh.
- 5) Nyi Mas Gandasari digambarkeun salaku awewe anu geulis nu ngabogaan kasaktian jeung taat kana parentah guruna, Sunan Gunung Jati.

4.3.9.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempat dina ieu carita nyaéta Kasultanan Cirebon, Karajaan Galuh.

b. Latar waktu

Latar waktu dina ieu carita nyaéta nalika masa Karajaan Galuh dipimpin ku Prabu Cakraningrat.

4.3.9.3 Papatah dina Carita (Dongéng)Cakraningrat.

Papatah budaya anu nyangkaruk dina ieu carita nyaéta anu patali jeung system religi. Dina carita rayat Jatuhnya Raja Galuh diécéskeun, kumaha tarungna

Pangéran Cakrabuana ngalawan Pangéran Cakraningrat. Pangéran Cakrabuana antukna bisa ngalawan Pangéran Cakraningrat. Ku meunangna Pangeran Cakrabuana antukna bisa nyiarkeun agama Islam jeung nambahan pangikutna.

4.3.10 Dongéng “ Bergabungnya Talaga dan Majalengka”

4.3.10.1 Téks

Kadua pangantén putra Sunan Gunung Jati, Pangéran Jayakelana jeung Pangéran Bratakelana anu nikah sareng katurunan Prabu Brawijaya ti Demak, ngayakeun pésta iring-iringan. Teu disadari iring-iringan téh asup ka wilayah karajaan Talaga. Iring-iringan anu ngarak kadua panganten dikawal ku pasukan Demak jeung Cirebon.

Arak-arakan éta pernah nyieun warga Talaga panik. Maranéhna nyangka pasukan Cirebon rék nyerbu karajaan Talaga. Hal éta tuluy dilaporkeun ka rajana nu ngaranna Pucuk Umum. Tangtu baé Prabu Pucuk Umum reuwas jeung tuluy maréntahkeun Demang Talaga keur mariksa pasukan ti Cirebon .

“Maranéh pasukan timana jeung rék kamana?” Demang Talaga nanya ngagunakeun basa sunda.

Pasukan Cirebon nu teu bisa basa Sunda teu ngarti maksud Demang Talaga. Ahirna salah paham diantara maranéhna, pasukan Talaga nyangka pasukan Cirebon ngahaja rék nyieun kaributan. Teu mikir panjang deui Demang Talaga ngalaporkeun kajadian éta ka Prabu Pucuk Umum. Tangtu waé Prabu Pucuk Umum ngarasa kasinggung. Tuluy maréntahkeun ka putrana nyaéta Pangéran Salingsingan keur ngagempur pasukan Cirebon. Bari mawa sanjata

ampuh nu ngarupa tombak nu ngarana Cuntangbarang, Pangéran Salingsingan maju ka hareup.

Pasukan Cirebon anu dibagian hareup nahan amukan Pangéran Salingsingan. Ngan maranéhna teu mampu nahan kasaktian Pangéran Salingsingan. Arak- arakan ogé ahirna bubar, ari kadua pangantén teu bisa nanaon ngan saukur kasima nyakséni pamuda nu keur ngamuk.

Nalika Pangéran Salingsingan rék nyerang kadua pangantén, ujug-ujug Sunan Gunung Jati geus aya di hareupeunana. Keur sababaraha waktu mah pamuda gagah putra talaga téh kasima ningali saurang kolot wibawa pisan jeung pinuh welas asih neutep kamanéhna.

Teu loba omong deui Pangéran Salingsingan langsung ménta hampura ka Sunan Gunung Jati, Saterusna kalayan suka rela ngucapkeun dua kalimah sahadat. Manéhna ogé maréntahkeun sakabéh anak buahna asup Islam. Saeunggeus éta Pangéran Salingsingan indit ka Istana Talaga keur manggihan bapana. Ngan tétéla Prabu Pucuk Umum jeung adina Ratu Mas Tanduran geus kabur ti istana, ku sabab teu daék asup Islam. Ti saprak harita agama Islam kasebar rata disakabéhurut kakuasaan Pajajaran. Tuluy Karajaan Talaga diséréнкеun ka Pangéran Salingsingan keur diparentah saluyu jeung ajaran Islam.

Dina hiji waktu Putra mahkota Sumedang larang nu ngaranna Geusan Ulun asup paguron tarékat Satariyah di Cirebon. Harita nu jadi Sultan di Cirebon nyaéta Panembahan Ratu. Geusan Ulun nyaéta pamuda kasép, pinter sarta ahlakna alus jeung sopan ka sepuh. Ku sabab Panembahan Ratu jeung Geusan Ulun masih kaasup emang jeung alo, matakna bébas ka luar asup karaton. Bisa dalahar bareng

jeung paragegedén karaton, dipikawanoh ku sakabéh kulawarga istana. Tangtu waé permaisuri jeung para selir .

Dina sababaraha kali lawungan, salah saorang selir nu asalna ti Madura nyaéta Putri Harisbaya bogoheun ka Geusan Ulun. Kitu deui jeung pamuda Sumedang larang éta. Ku sabab ngarasa sieun dihukum, tuluy duanana kabur ka Sumedang larang. Saterusna Raja Sumedang larang nawarkeun daérah Sindangkasih, Majalengka anyeuna mah, ka Panembahan Ratu keur ngaganti Putri Harisbaya nu geus kabur ka Sumedang larang.

Panembahan Ratu narima éta tawaran. “Sakabéhna geus jadi takdir Allah, diantara urang kudu aya paséa. Sabab abdi yakin Putri Harisbaya kurang mikabogoh, mangga anyeuna mah bade dicereikeun ku abdi kanggo dinikahkeun sareng Geusan Ulun. Tapi sakabéh rayat Sindangkasih kudu asup islam.”ceuk Panembahan Ratu.

Ti saprak kajadian éta Sindangkasih saterusna diganti ngaran jadi Majalengka. Jadi nambahan wilayah Cirebon mungkin luas, jeung pangaruhna mungkin kuat. Hubungan antara Sumedanglarang jeung Cirebon nu ampir pegat, saterusna balik deui utuh kawas biasana.

4.3.10.2 Analisis Struktrur

4.3.10.2.1 Téma

Téma dina carita di luhur nyaéta diajar ihlas jeung ngarélakan pikeun kahadéan. Sabab dina dasarna “harta, tahta jeung wanita” ngan saukur titipan ti nu Maha Kawasa .

4.3.10.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianana nyaéta ieu di handap.

- 6) Kadua pangantén putra Sunan Gunung Jati, Pangéran Jayakelana jeung Pangéran Bratakelana anu nikahna jeung katurunan Prabu Brawijaya ti Demak, ngayakeun pésta iring-iringan;
- 7) Teu sadar iring-iringan téh asup ka wilayah karajaan Talaga;
- 8) Arak-arakan éta pernah nyieun warga Talaga panik. Maranéhna nyangka pasukan Cirebon rék nyerang karajaan Talaga;
- 9) Prabu Pucuk Umum kageteun jeung buru-buru maréntahkeun Demang Talaga keur mariksa pasukan ti Cirebon éta;
- 10) Ahirna maranéhna pada goréng sangka, pasukan Talaga nyangka pasukan Cirebon ngahaja rék nyieun kaributan;
- 11) Tuluy Prabu Pucuk Umum marentahkeun ka putrana nyaéta Pangéran Salingsingan keur ngagempur pasukan Cirebon;
- 12) Nalika Pangéran Salingsingan rék nyerang pangantén, ujug-ujug Sunan Gunung Jati geus aya di hareupeunana;
- 13) Teu loba omong deui Pangéran Salingsingan sujud ka Sunan Gunung Jati tuluy ménta hampura;
- 14) Prabu Pucuk Umum jeung adina Ratu Mas Tanduran geus kabur sabab teu daék asup Islam;
- 15) Tuluy Karajaan Talaga diséréнкеun ka Pangéran Salingsingan keur diparéntah luyu jeung ajaran Islam;

- 16) Putra mahkota Sumedang larang nu ngarana Geusan Ulun asup paguron tarékat Satariyah di Cirebon;
- 17) Ku sabab seringna panggih, salah saurang selir nu asalna ti Madura namina Putri Harisbaya bogoheun ka Geusan Ulun;
- 18) Cintana meunang tanggepan ti pamuda Sumedang larang éta;
- 19) Sabab ngarasa sieun dihukum, duanana anu keur kapincut ku asmara téh kabur ka Sumedang larang;
- 20) Raja Sumedang larang nawarkeun daérah Sindangkasih, Majalengka lamun anyeuna, ka Panembahan Ratu keur ngaganti Putri Harisbaya nu geus kabur ka Sumedang larang;
- 16) Saprak kajadian éta Sindangkasih saterusna diganti ngaran jadi Majalengka.

4.3.10.2.3 Palaku

Palaku dina carita ieu nyaéta Sunan Gunung Jati, Pangéran Jayakelana, Pangéran Bratakelana, Prabu Pucuk Umum, Demang Talaga, Pangéran Salingsingan, Ratu Mas Tanduran, Panembahan Ratu, Geusan Ulun, Putri Harisbaya, Raja Sumedang larang.

- 1) Sunan Gunung Jati digambarkeun salaku saurang tua nu welas asih, pinuh kharisma jeung bijaksana.
- 2) Pangéran Salingsingan ngabogaan kasaktian jeung ngabogaan sipat nurut jeung bakti ka sepuh. Sedengkeun Prabu Pucuk Umum jeung Ratu Mas Tanduran ngabogaan sipat pengkuh sabab teu daék asup Islam.

- 3) Panembahan Ratu ngabogaan sipat sabar jeung pemaap, hal ieu kagambar basa anjeuna rela ngaleupaskeun selirna anu kabur jeung dituker sareng daérah Sindangkasih.
- 4) Geusan Ulun digambarkeun salaku saorang pemuda kasép, pinter sarta budi pakertina alus.

4.3.10.2.4 Latar

a. Latar tempat

Carita ieu latar tempatna di Talaga, Cirebon, Sindangkasih, jeung Sumedang larang.

b. Latar waktu

Latar waktuna nyaéta di masa pamaréntahan Prabu Pucuk Umum di Talaga jeung Panembahan Ratu saluka Sultan di Cirebon.

4.3.10.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah budaya anu dicaritakeun dina éta dongéng patali jeung system religi. Éta katitén tina eusi nu dipidangkeun dina carita rayat. Di mana nu jadi puseur palaku dina carita Prabu Geusan Ulun pindah kayakinan. Manéhna jadi muslim nurutkeun ajaran anu diajarkeun di Cirebon. Kalayan tulus jeung ihlas manéhna ngalaksanakeun sagala paréntah agama Islam.

4.3.11 Dongéng “ Indramayu Bergabung dengan Cirebon “

4.3.11.1 Téks

Dipati Kuningan nyanghareup bapa angkatna, Sunan Gunung Jati di Cirebon. Maksudna ménta widi pikeun naklukeun daérah palabuhan Cimanuk, anyeuna mah Indramayu. Nanging Sunan Gunung Jati teu ngawidian, ceuk anjeunna upama geus cunduk kana waktuna mah Cimanuk ngagabung jeung Cirebon. Sedengkeun pancén Dipati Kuningan anyeuna mah neuleuman ajaran Islam. Ngan Dipati Kuningan keukeuh peuteukeuh kana niatna, nu ahirna Sunan Gunung Jati teu tiasa nanaon deui sarta maparin widi.

“ Rupina urang kuningan mah teu daék narima jeung takluk ka sepuh. Manéh bakal nyaho sorangan akibatna “

Dipati Kuningan satuluyna ngadatangan palabuhan Cimanuk jeung pasukanna, mawa kayakinan tujuanna bakal hasil. Samentawis éta, Prabu Indrajaya (panguasa karajaan Cimanuk) sorangan jeung para gegedén nu séjéna geus sapakat daék asup Islam jeung ngagabung ka Cirebon sacara damai. Nanging kacida rewasna Prabu Indrajaya ngadangu Dipati Kuningan keur nuju ka Cimanuk rék nyerang. Manéhna saterusna neudeun pusaka Oyod mingmang jeung “lembu tirta” kana jero Kali Kamal. Samentara manéh sorangan ngubah wujud jadi kijang konéng.

Teu pati lila Dipati Kuningan jeung pasukanna daratang di Kali Kamal. Barang nempo kijang warnana konéng, manéhna kabita jeung nyoba rék newak. Dipati Kuningan terus ngudag kijang jelmaan Prabu Indrajaya, ngan pas ampir katéwak, kijang jelmaanna luncat ka walungan nu satuluyna leungit. Dipati

Kuningan ogé nékad milu luncat, ngan teu hasil manggihan. Pas manéhna rék hanjat, ujug-ujug datang banjir gedé jeung kabawa palid ka laut, leupas, nepi ka Pulau Menyawak.

Di pulau éta manéhna ditulungan ku aki-aki nu teuing ti mana datangna. Saeunggeus nyaritakeun kajadian nu kaalaman, tuluy aki-aki téh méré hiji cupu nu eusina cai Tirtabaka. Dipati Kuningan tuluy balik ka tempat pasukanna. Ngan anéh barang pasukan Kuningan rék nyerbu Cimanuk, maranéhna justru balik deui balik deui ka Cirebon. Anu ahirna manéhna mutuskeun ngadeuheus ka Sunan Gunung Jati, sanepina di ditu manéhna reuwas jeung héran barang nyaho mun di istana téh geus aya Prabu Indrajaya jeung patihna. Maranéhna asup Islam sacara suka réla. Prabu Indrajaya tuluy ménta hampura ka Dipati Kuningan sabab geus ngulinkeun.

Dipati Kuningan ogé nunduk ngarasa éra, komo deui saeunggeus Sunan Gunung Jati nanyakeun panyabaanna. Saeunggeus nyaritakeun pangalamanna tuluy Dipati Kuningan dititah nunjukkeun kahébatan cupu paméré ti aki-aki téa. Manéhna leumpang ka alun-alun jeung ngumpulkeun batu saloba-lobana, tuluy batu éta téh ditétésan cai tirtabaka. Dina mangsa anu teu lila batu téh robah wujud jadi prajurit jeung beungeut nu pikasieuneun sabab maranéhna jelmaan bangsa ghaib. Eta kajadian téh matak ngareuwaskeun warga Cirebon, nu ahirna Dipati Kuningan dititah keur ngalenyapkeun makhluk gaib éta.

Ngan Dipati Kuningan teu mampu ngalakukeunnana, manéhna poho nanyakeun ka aki-aki nu méréna. Tuluy Sunan Gunung Jati maca kalimah panolak bala, sakolépat prajurit asing éta ogé balik deui ka asalna jadi batu karikil. Dipati

Kuningan tuluy nyungkeun ampun ka bapana, Sunan Gunung Jati. Saterusna Cimanuk, Indramayu anyeuna mah ngagabung ka Cirebon jeung sakabéh rahayatna asup Islam.

4.3.11.2 Analisis Struktur

4.3.11.2.1 Téma

Téma dina carita di luhur nyaéta sipatna sombong jeung takabur nu ahirna bakal ngandatangeun mamala, sabab dina hakékatna di luhur langit masih kénéh aya langit. Naon daya manusa mun dibandingkeun jeung kakuatan Nu Maha Kawasa. Leuwih ti éta, kahadéan hate mangrupa modal utama dina ngajalan kahirupan masyarakat.

4.3.11.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianana nyaéta ieu di handap.

- 1) Dipati Kuningan ngahadeup Sunan Gunung Jati, Nu maksudna ménta widi keur naklukkeun daérah palabuhan Cimanuk, nu anyeuna Indramayu;
- 2) Nanging Sunan Gunung Jati teu ngawidian, numutkeu anjeunna bakal datang waktuna Cimanuk ngagabung jeung Cirebon;
- 3) Tapi Dipati Kuningan tetep keukeuh kana niatna, nu ahirna Sunan Gunung Jati teu bisa ngomongan deui jeung méré widi ahirna mah;
- 4) Dipati Kuningan tuluy nuju palabuhan Cimanuk jeung pasukanana;
- 5) Samentara éta, Prabu Indrajaya (panguasa karajaan Cimanuk) sorangan jeung para gegedén sapuk keur asup Islam jeung ngagabung jeung Cirebon sacara damai;

- 6) Prabu Indrajaya ngadéngé Dipati Kuningan keur ngajugjug ka Cimanuk keur nyerang manéhna;
- 7) Prabu Indrajaya nendeun pusaka Oyod mingmang jeung “lembu tirta” kana jero Kali Kamal. Tuluy manéhna sorangan ngarubah wujud jadi kijang koneng;
- 8) Dipati Kuningan terus ngudag kijang jelmaan Prabu Indrajaya éta;
- 9) Ngan teu bisa manggihkeun. Barang manéhna rék hanjat ujug-ujug datang banjir gedé jeung kabawa palid ka laut, nepi ka Pulau Menyawak;
- 10) Dipati Kuningan ditulung ku aki-aki, nu saterusna dibéré cupu nu eusina cai Tirtabaka;
- 11) Dipati Kuningan manggihan Sunan Gunung Jati, satepina di ditu manéhna reuwas jeung héran sabab di istana geus aya Prabu Indrajaya jeung patihna;
- 12) Maranéhna geus asup Islam pinuh karélaan. Prabu Indrajaya tuluy ménta hampura ka Dipati Kuningan sabab geus ngulinkeun;
- 13) Dipati Kuningan dipénta keur nunjukkeun kahébatan cupu paméré ti aki aki;
- 14) Sakolépat karikil éta téh rubah wujud jadi prajurit jeung beungeutna pikasieuneun sabab maranéhna jelmaan ti bangsa ghaib;
- 15) Dipati Kuningan teu mampu keur ngalenyapkeun makhluk gaib éta;
- 16) Saterusna Sunan Gunung Jati maca kalimah penolak bala, dina sakolépat prajurit asing téh balik deui ka asalna jadi batu karikil;
- 17) Dipati Kuningan tuluy nyungkeun ampun ka Sunan Gunung Jati.

4.3.11.2.3 Palaku

Tokoh atawa palaku dina carita ieu nyaéta Sunan Gunung Jati, Dipati Kuningan, Prabu Indrajaya, Kakek Menyawak.

- 1) Sunan Gunung Jati nyaéta tokoh saurang wali nu ngabogaan sifat mulia jeung bijaksana.
- 2) Dipati Kuningan ngabogaan sipat te daek ngarendah jeung tunduk ka sepuh.
- 3) Prabu Indrajaya digambarkeun ngabogaan sipat rendah hate jeung rela asup Islam tanpa paksaan.
- 4) Aki-aki kolotr ti pulau Menyawak ngabogaan wibawa jeun sakti mandraguna.

4.3.11.2.4 Latar

a. Latar tempat

Carita ieu latarna tempat di Cirebon, Palabuhan Cimanuk/ Indramayu, jeung Pulau Menyawak.

b. Latar waktu

Latar waktu dina ieu carita nyaéta waktu Pamerintahan Cimanuk dipimpin ku Prabu Indrajaya.

4.3.11.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah budaya anu écés dina carita rayat di luhur nyaéta patali jeung system religi. Najan teu pati négla, tapi dina pungkasan carita kapanggih ayana pasualan anu nyabit-nyabit agama. Di dinya digambarkeun palaku Dipati Kuningan anu jadi puseur panitén asup ajaran Islam nu diajakan ku Sunan

Gunung Jati di Cirebon. Dipati Kuningan narima kana ajakan Sunan Gunung Jati. Nu antukna ajaran Islam téh tambah loba jeung wilayahna ogé ngalegaan, henteu ngan saukur di Cirebon wungkul, tapi nepi ka Cimanuk-Indramayu.

4.3.12 Dongéng “Taman Air Sunyaragi ”

4.3.12.1 Téks

Taman Air Sunyaragi aya dua tempat nu sakitu éndah jeung asrina. Nu kahiji pasanggrahan gedung mewah jeung taman sari luas, nu kadua goha-goha sarta gunung-gunung nu ditata rapi pinuh seni. Ditukangeun kompléks goha aya taman anu luas jeung candra sangkala nu can dipikaharti naon hartina.

Taman air Sunyaragi dibangun ku Arya Carbon (Pangéran Salahuddin), “sunya” hartina sepi jeung “ragi” hartina raga. Jadi Sunyaragi téh hartina hiji tempat keur tatapa atawa nyepi keur néang karidhoan Allah SWT. Nurutkeun sajarah, Taman Air Sunyaragi sering didatangan Belanda sabab curiga éta téh disiapkeun tempat keur nyiapkeun pamberontakan ka Belanda. Dina jaman pamaréntahan Sultan Matangaji (Sultan Tajul Arifin) loba parébahan ka Sunyaragi. Salian digunakeun keur tempat latihan prajurit ogé mangrupa markas gedé prajurit jeung tempat nyieun sanjata keur ngalawan Belanda.

Ku sabab kitu Belanda ahirna nyerang Sunyaragi, jeung ampir sakabéh nu aya di Sunyaragi diancurkeun. Ngingali hal éta, Sultan Matangaji ambek jeung nyerbu pasukan Belanda bari cicing, nu ahirna loba pihak Belanda anu maot.

Ngan hanjakal Sultan Matangaji ogé maot ngabéla bebeneran jeung kaadilan di Sunyaragi.

Waktu pamaréntahan Karaton Kasepuhan leupas ka Sultan atawa Pangéran Adiwijaya, Sunyaragi dibangun leuwih kuat deui maké gaya arsiték China. Cirebon ngadatangkeun arsiték ti China, pangwangunan ieu waktuna lila pisan sabab perlu bahan nu kuat lamun kabeneran dirusak.

“Ingeut, rahasiah ieu ulah neupi kanyahoan ku Belanda. Lamun manéh wani ngabocorkeun ka pihak Belanda, nyawa manéh tarohanna,” ceuk Pangéran Adiwijaya ka arsitek China éta.

Tapi pihak Belanda geus apal kana wawangunan nu jieun, tuluy néwak arsiték China éta. Tangtu waé urang China téh kasieunan. Maké sagala cara, Belanda maksa éta arsitek keur nyaritakeun rahasia Sunyaragi. Ku sabab pihak Cirebon ngarasa kasieunan rahasia Sunyaragi kabongkar, cicing-cicing saurang prajurit Cirebon ngaleupaskeun sanjata nu kena kana dada arsiték, nepi ka maotna.

Sunyaragi ahirna diculkeun kitu waé, pambangunana teu diteruskeun. Kegiatan tangtara dipindahkeun ka tempat séjén. Basa Belanda ngageureubeug goha Sunyaragi, maranéhna teu manggihan nanaon. Keur ngaleungitkeun kacurigaan Belanda, kagiatan ngabangun Gua Sunyaragi dieureunkeun. Ti harita Goha Sunyaragi jeung kompléks pasanggrahan ngan ukur tempat alus paninggalan Sunan Gunung Jati.

4.3.12.2 Analisis Struktur

4.3.12.2.1 Téma

Téma jeung pesen moral nu kakandung di jero sempalan carita di luhur nyaéta perjuangan keur terus ngabéla bebenaran jeung mertahankeun akidah Islam tina ancaman luar.

4.3.12.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianana nyaéta kapedar ieu di handap.

- 1) Taman air Sunyaragi dibangun ku Arya Carbon (Pangéran Salahuddin);
- 2) Sunyaragi hartina hiji tempat keur tatapa atawa nyepi keur néangan karidhoan Allah SWT;
- 3) Taman air Sunyaragi sering di datangan Belanda sabab dipicuriga salaku tempat keur nyiapkeun serangan ka Belanda;
- 4) Belanda ahirna nyerang Sunyaragi, jeung hampir sakabéh nu aya di Sunyaragi diancurkeun;
- 5) Sultan Matangaji ambek jeung nyerbu pasukan Belanda;
- 6) Sultan Matangaji maot pikeun ngabéla bebeneran jeung kaadilan di Sunyaragi;
- 7) Nalika pamaréntahan Karaton Kasepuhan leupas ka Sultan atawa Pangéran Adiwijaya, Sunyaragi dibangun maké gaya arsiték Cina;
- 8) Sunyaragi ahirna diantep kitu waé, pangwangunan teu diteruskeun;
- 9) Ti harita Goha Sunyaragi jeung kompléks pasanggrahan ngan ukur mangrupa tempat kaméwahan paninggalan Sunan Gunung Jati.

4.3.12.2.3 Palaku

Palaku dina carita ieu nyaéta Arya Carbon salaku pendiri Taman Air Sunyaragi, Sultan Matangaji, Kolonial Belanda, Arsiték Cina, jeung Pangéran Adiwijaya.

4.3.12.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar carita ayana di Wilayah Kasultanan Cirebon pernahna di Taman Air Sunyaragi.

b. Latar waktu

Latar waktuna nyaéta jaman kapamimpinan Sultan Arya Carbon, Sultan Matangaji jeung Pangéran Adiwijaya.

4.3.12.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah budaya anu nyangkaruk dina carita rayat di luhur nyaéta anu patali jeung system kamasarakatan sarta system réligi. Dina éusi carita ditétélakeun ngeunaan kapamimpinan hiji pimpinan nalika mimpin nagara. Luyu jeung téma anu ditepikeun dina analisis struktur carita, yén pikeun merjoangkeun nagara téh diperlukeun bebeneran jeung martahankeun kaidah agama masarakatna sewing-séwangan.

4.3.13 Dongéng “Makam Jabang Bayi”

4.3.13.1 Téks

Makam Jabang Bayi ayana di kota Cirebon kidul. Sabenerna makam éta téh kompléks pamakaman urang Arab, tapi masarakat loba nu nyebutna Makam Jabang Bayi nu anyena masih aya, malah jadi keramat.

Ceuk béja mah orok éta téh nyaéta hasil silih mikadeudeuh Belanda jeung warga pribumi. Nyaéta Jean Guillaume Landre, saurang Residen Cirebon diduga katurunan Perancis nu biasa di geroan Tuan Delamor jeung anakna Nona Delamor. Samentara éta Karaton Cirebon diparéntah ku Sultan Komaruddin I nu boga anak ngaranna Pangéran Raja Kanoman. Diantara dua kaluarga pajabat éta anu numuwuhkeun ikatan kakaluargaan anu raket. Kitu ogé jeung Nona Delamor jeung Raja Anom kajalin terus hubungan asmara. Ngan hubungan éta kajalin reureunceupan sabab éra lamun dipikanyaho ku kolotna séwang-séwang.

Hiji mangsa kajadian hubungan intim suami-istri diantara duanana. Nepikeun Nona Delamor hamil, ngan ku lantaran kandunganna teu pati diperhatikeun antukna orokna maot tuluy dipiceun ka laut. Orok nu geus maot téh diasupkeun kana jero kandaga, dibungkus maké kaén nu mahal hargana jeung alus pisan. Kandaga téh terus kapanggih ku pamayang anu reuwaseun nempo cahaya nu asalna tina kandaga éta. Warga tuluy nyokot jeung ngabuka kandaga éta, maranéhna rewaseun sabab dina jero kandaga téh mayit orok murub mubyar cahaya. Saterusna orok éta téh dikubur, tétéla saenggeus nguburkeun orok téh pamayang meunang loba kauntungan, nu ahirna beuki lila éta makam téh loba didatangan kunu ziarah. Saterusna makam orok nu ayana di pabéan Palabuhan

Cirebon téh dipindahkeun ka jalan Kesambi, kusabab beuki loba nu ziarah nu bisa ngagangu katertiban warga nu aya di sabudeureun Palabuhan Cirebon mangsa harita.

4.3.13.2 Analisis Struktur

4.3.13.2.1 Téma

Téma dina carita di luhur nyaéta keur terus ngajaga paripolah urang, sangkan teu nepi ngalakukeun hal nu bodo jeung kasalahan ku sabab hawa nafsu.

4.3.13.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianana dipedar ieu di handap.

- 1) Makam Jabang Bayi ayana di kota Cirebon kidul;
- 2) Ceunah orok éta téh nyaéta hasil silih mikadeudeuh warga Belanda jeung warga pribumi;
- 3) Karaton Cirebon diparentah ku Sultan Komaruddin I nu ngabogaan anak nu ngaranna Pangéran Raja Kanoman;
- 4) Dina hiji waktu kajadian hubungan intim lir ibarat suami-istri di antara Raja Anom jeung Nona Delamor;
- 5) Nona Delamor hamil, ngan ku sabab kandunganna teu diperhatikeun antukna orokna maot tuluy dipiceun ka laut ku kadua remaja éta;
- 6) Orok nu maot téh diasupkeun kana jero kandaga, dibungkus kaén nu mahal hargana;
- 7) Kandagana tuluy kapanggih kupamayang anu reuwaseun nempo cahaya nu asalna tina kandaga éta;

- 8) Tuluy orokna dikubur;
- 9) Saterusna makam orok nu ayana di pabéan Palabuhan Cirebon téh dipindahkeun ka Jalan Kesambi.

4.3.13.2.3 Palaku

Palaku dina carita diluhur nyaéta Prabu Anom, Nona Delamor, Tuan Delamor, Sultan Komarudin jeung warga sakitarna.

4.3.13.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempat dina carita di luhur nyaéta di Keraton Cirebon, Palabuhan Cirebon jeung Jalan Kesambi.

b. Latar waktu

Latar waktuna nyaéta dina waktu kapemimpinan Sultan Komaruddin I.

4.3.13.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah budaya anu nyangkaruk dina carita di luhur nyaéta patali jeung system religi. Di luhur diécéskeun ngeunaan kaayaan makam orok anu dijadikeun karamat ku masarakat di sabudeureunana. Nalika maot, éta orok dikuburkeun di,Palabuhan Cirebon masarakat geus miboga sangkaan yén orok anu

dimakamkeun téh miboga kaleuwihan, malahan sok dijiarahan sagala. Nepi ka ayeuna éta makam téh dianggap keramat, malah mah ku sabab loba anu jiarah makamna ogé dipindahkeun ka Kesambi.

4.3.14 Dongéng “Sumur Jalatunda Tegangpati jeung Kaprabonan”

4.3.14.1 Téks

Sumur di dieu lain hartina sumur nu aya caina, tapi mangrupa kiasan nyaéta tina kecap seumur, jala dina basa Arab hartina luhur. Tunda hartina titipan, Tegangpati hartina serah jiwa jeung masrahkeun haté. Jadi hartina tina Sumur Jalatunda jeung Tegangpati téh nyaéta agama Islam téh luhur jeung mulia. Ngeunaan mana serah jiwa nyaéta salaku kaum muslimin kudu percaya sautuhna tanpa kakuatan Allah SWT, manusa teu bisa walakaya. Kayakinan ieu ditancebkeun turun-tumurun ka sakabéh anak incu murid Syékh Nurul Jati Cirebon, guru besar agama Islam.

Murid-murid Syékh Nurul Jati ieu di handap.

- 1) Embah Kuwu Cirebon pertama, Ki Gedheng Alang-alang/Ki Danusela;
- 2) Embah Kuwu Cirebon II Pangéran Cakrabuana;
- 3) Ibu Indhang Ayu, istri Pangéran Cakrabuana;
- 4) Ratu Mas Rara Santang, adina Pangéran Cakrabuana jeung indungna Sunan Gunung Jati;
- 5) Sunan Gunung Jati atawa Sultan Mesir;
- 6) Ratu Mas Pakungwati, permaisuri Sunan Gunung Jati;

7) Syarif Abdurrahman atawa Pangéran Panjunan, jeung katilu adina Syarif Abdurahim/Pangéran Kejaksan, Syarif Kahfi/Syékh Datuk khafid, jeung syarifah Baghdad/Siti Baghdad.

Saeungeus Syékh Nurul Jati wafat, kapemimpinan diteruskeun ku muridna Syékh Datuk Khafid/Syékh Datuk kahfi nepi ka wafatna. Saterusna dibangun deui ku Pangéran Cakrabuana jeung Sunan Gunung Jati hiji paguron Islam di Gunung Sembung jeung di jero Karaton Pakungwati. Pamiaraanana diséréнкеun ka Nyimas Panatagama/Babu Dampul.

Karaton Pakungwati dibangun dina taun 1479. Saterusna karaton dibagi dua jadi Kasultanan Kasepuhan dibangun taun 1677 jeung sultan anu kahijina nyaéta Sultan Sepuh, jeung Kanoman taun 1675 Sultan Kartawijaya. Dina taun 1681 M kadua kasultanan téh ku Belanda dibéré perjanjian anu ngalemahkan pangaruh jeung kakuatan kadua karaton. Sultan Muhammad Badridin ngabogaan dua urang putra ngaranna Sultan Anom Mandureja jeung Kadiruddin. Kaduana sapakat ngalawan Belanda sacara reureunceupan jeung ngaleupaskeun diri jadi dua wilayah kakuasaan.

Kahiji Sultan Mandureja tetep di Karaton Kanoman, adina Kadiruddin ngabuka paguron Islam nu ngaranna Lemahwungkuk Cirebon. Ku cara kitu, pihak Belanda teu gampang keur ngawas gerakan kadua putra Sultan Badridin ieu. Kamekaran kasultanan jeung pamimpin di karaton Kasepuhan ogé Kanoman teu bisa leupas ti para empu nu nyieun sanjata atawa paralatan perang. Diantarana Ki Supa, Pangéran Tuban, Pangéran Kejaksan, Pangéran Panjunan, Pangéran

Duhung, Pangéran Kajoran, Ki Kasa, Nyi Mai, Ki Pangasdagan, Pangéran Aria Kemuning, Ki Sura.

4.3.14.2 Analisis Struktur

4.3.14.2.1 Téma

Téma dina penggalan carita di luhur nyaéta perjuangan keur terus ngabéla bebenaran jeung mertahankeun akidah Islam ti ancaman luar.

4.3.14.2.2 Galur

Galur dina ieu carita nyaéta galur mérélé. Runtuyan caritanana ieu di handap.

- 1) Sumur didieu lain hartina sumur nu caian, tapi mangrupa kiasan nyaéta seumur;
- 2) Jala dina basa Arab hartina luhur;
- 3) Tunda artina titipan, tegangpati hartina serah jiwa jeung sapinuh hate;
- 4) Ku kituna harti tina Sumur Jalatunda jeung Tegangpati téh nyaéta agama Islam téh luhur jeung mulia;
- 5) Kayakinan ieu ditancebkeun turun-tumurun ka sakabéh anak incu murid Syékh Nurul Jati Cirebon, guru besar agama Islam;
- 6) Karaton Pakungwati dibangun dina taun 1479. Saterusna karaton dibagi jadi dua;
- 7) Kasepuhan dibangun dina taun 1677, sultan kahijina nyaéta Sultan Sepuh, jeung Kanoman dina taun 1675 Sultan Kartawijaya;

- 8) Dina taun 1681 M kadua kesultanan téh ku Belanda dibéré perjanjian nu ngalemahkeun pangaruh jeung kakuatan kadua karaton;
- 9) Kadua putra Sultan Badridin sapakat keur ngalawan Belanda sacara reureunceupan jeung misahkeun diri jadi dua wilayah kakuasaan;
- 10) Kucara kitu, pihak Belanda teu gampang ngawas gerakan kadua putra Sultan Badridin ieu.

4.3.14.2.3 Palaku

Para palaku dina carita ieu nyaéta Sultan Kartawijaya/Muhammad Badridin, Sultan Sepuh, Sultan Anpm Mandureja, Sultan Kadiruddin, Kolonial Belanda.

4.3.14.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempatna di wilayah Kasultanan Cirebon.

b. Latar waktu

Latar waktu dina carita ieu nyaéta ti saprak didirikeunna Karaton Pakungwati dina taun 1479, nepi dibangunna Karaton Kanoman di taun 1675 jeung Karaton Kasepuhan di taun 1677 M.

4.3.13.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah anu nyangkaruk dina carita téh nyaéta anu patali jeung system religi, najan teu négla, ngan palebah eusi nyaritakeun pasualan-pasualan anu patali

jeung kagamaan. Dina carita rayat di luhur, ditétélakeun yén anu dicaritakeun téh lain museur kana Sumur luyu jeung judul carita rayatna, tapi patali jeung kayakinan. Sumur dina éta carita maksudna agama anu luhur jeung mulya, nyaéta Islam. Kaom Muslim kudu salawasna tumut kana ajaran nu geus ditangtukeun dina Al-qur'an jeung Al-hadist.

4.3.15 Dongéng “Maulid Nabi jeung Acara Panjang Jimat”

4.3.15.1 Téks

Maulid atawa maulud hartina kalahiran nabi Muhammad putra Abdullah jeung Siti Aminah binti Wahab. Maulid ieu kakara dipiéling saenggeus Nabi Muhammad SAW wafat kurang leuwih 700 taun. Tujuanna salian keur miéling kalahiran Nabi Muhammad SAW, ogé keur ngukuhkeun deui persatuan jeung kasatuan umat Islam nu waktu éta kapencar jadi sababaraha golongan.

Maulid Nabi dilaksanakeun di Cirebon ti saprak Susuhunan Gunung Jati, tepatna dina taun 1479 jeung dirayakeun sacara gedé-gedéan. Saacanna pamérentahan Pangéran Cakrabuana ogé Maulid Nabi dilaksanakeun tepatna dina taun 1450, ngan teu sagedé di zaman Sunan Gunung Jati. Sababaraha pedaran ngeunaan panjang jimat saperti kieu:

- 1) “Panjang hartina terus-terusan dilaksanakeun sataun sakali. Jimat, hartina dipuja-puja dina waktu ngamumulé poé kalahiran Nabi Besar Muhammad SAW;”
- 2) “Panjang jimat, nyaéta hiji piring gedé bentukna élips tina kuningan/porselin.”

Nalika turunna atawa kaluarana panjang jimat, mangrupikeun gambaran atawa simbol dina lahirna saurang orok tina rahim sang ibu. Upacara panjang jimat dilaksanakeun dina tanggal 12 Rabiul Awal, bada isya ku patugas jeung ahli agama di lingkungan karabat Kasultanan Karaton Kasepuhan Cirebon.

Atribut atawa urutan nu digunakeun dina upacara panjang jimat nyaéta ieu di handap baris dipedar.

- 1) Sababaraha hiji lilin dipasang di luhur standar;
- 2) Dua manggaran, dua siki nagan jeung dua siki jantungan;
- 3) Kembang goyak (kembang bentuk sumping) 4 suku;
- 4) Dua siki guci jeung dua puluh botol bir tengahan;
- 5) Boreh/parem;
- 6) Tumpeng;
- 7) Ancak sanggar opat siki;
- 8) Opat siki dongdang asakan, ka luar ti panto barat Bangsal Pringgandani, ka teras jinem.

Saeungeus iring-iringan éta nepi ka langgar karaton, panjang jimat dirapihkeun. Barisan diatur, tuluy dibacakeun harti tina Maulid Nabi sacara khidmat. Atawa dibacakeun ogé kitab Barjanji, nu nyaritakeun sajarah hirup Nabi besar Muhammad SAW. Saenggeus upacara rengsé, nasi jimat jeung dahareun nu séjéna dibagikeun ka nu hadir di tempat éta.

Tah kitu jalanna upacara Maulid Nabi jeung panjang jimat nu biasa dilaksanakeun di Karaton Kasepuhan jeung Kanoman Cirebon.

4.3.15.2 Analisis Struktur

4.3.15.2.1 Téma

Téma carita di luhur nyaéta salawasna ngamumulé adat jeung tradisi kabudayaan daérah anu beuki dieu beuki leungit ku kamajuan jeung kamekaran jaman.

4.3.15.2.2 Galur

Galur dina carita ieu nyaéta galur mérélé. Runtuyan kajadianna nyaéta kapedar ieu di handap.

- 1) Tujuan dina acara Maulid Nabi nyaéta salian keur miéling kalahiran Nabi Muhammad SAW, ogé keur ngukuhkeun deui persatuan jeung kesatuan umat Islam;
- 2) Maulid Nabi dilaksanakeun di Cirebon ti saprak Susuhunan Gunung Jati, pernahna dina taun 1479;
- 3) Upacara panjang jimat dilaksanakeun dina tanggal 12 Rabiul Awal, bada isya ku patugas jeung ahli agama di lingkungan karabat Kasultanan Karaton Kasepuhan Cirebon;
- 4) Saenggeus iring-iringan éta nepi ka langgar karaton, panjang jimat dirapihkeun. Barisan diatur, tuluy dibacakeun hartina Maulid Nabi sacara khidmat;
- 5) Atawa dibacakeun ogé kitab Barjanji, nu nyaritakeun sajarah hirup Nabi besar Muhammad SAW;

- 6) Saenggeus upacara réngsé, sangu jimat jeung dahareun nu séjénna dibagikeun ka nu hadir di éta tempat.

4.3.15.2.3 Palaku

Palaku dina carita ieu nyaéta ahli agama, patugas, karabat Karaton Kasepuhan jeung masyarakat sakitar.

4.3.15.2.4 Latar

a. Latar tempat

Latar tempatna di Wilayah Karaton Kasepuhan jeung Karaton Kanoman.

b. Latar waktu

Latar waktu dicaritakeun jaman susuhunan Gunung Jati dina taun 1479 nepi ka anyeuna.

4.3.15.3 Papatah dina Carita (Dongéng)

Papatah budaya anu nyangkaruk dina carita rayat di luhur nyaéta patali jeung system religi. Dina éta carita ditxlakeun asala muasalana Panjang Jimat nalika Maulid nabi Muhammmad SAW atawa Muludan. Mulud mangrupa bulan milangkalana nabi Muhammmad SAW. Ku kituna pikeun ngamumulé jeung ngingeutna masarakat Cirebon biasana ngayakeun acara Panjang Jimat, prak-prakanna mah sakumaha tadi dipedar dina carita.